Kimoun Nou Di Sa Ye?

Bonjou, zanmi m yo. Se sèten mwen konsidere sa yon privilèj pou m isi a nan legliz sa. E mwen on jan renmen non l pou kòmanse. Li rele "Non Jezi." Mwen renmen sa. Epi mwen—mwen panse ke se—se . . . Se Non ki te rachte m nan, bèl Non Seyè Jezi a. Epi pou m isi a ak bon zanmi m yo, rasanble isi a nan bèl dimanch maten sa, isi a menm nan Phoenix, m pa konn okenn kote m ta prefere ye, sof si se nan Laglwa avèk nou tout. E sa se gran evènman n ap tann lan yon jou.

2 Epi m te resevwa yon—yon apèl pou m al kay yon moun isi a ki malad, jodi a. E m t ap pale ak Frè Outlaw, zanmi presye m lan, e li—li te envite m avèk yon tèl jantiyès pou—pou m vini. E tout minis yo isi a nan Phoenix yo te reyèlman bon avè m.

3 Mwen mande m pafwa poukisa mwen te demenaje pou vin abite Tucson. Mwen la depi twazan, epi yo pa janm envite m nan okenn chè. Kifè mwen sipoze mwen gen . . . mwen jis dwe kontante m fè vizit mwen—mwen isi a nan Tucson . . . oswa isit la nan Phoenix, kote mwen santi mwen byenvini. Ebyen, petèt y ap vin abitye avè m enpe . . . Nou konnen, mwen te preche laba a lòt jou swa a, epi m te preche pandan twazèdtan; se pa etonan yo pa t envite m tounen.

4 Men mwen gen yon—yon santiman tèlman fò nan kè m pou Bondye ak pèp Li. E mwen tèlman lan, e mwen—mwen pè ke mwen pral kite yon bagay epi mwen pa bay ase, e mwen mete apeprè twa oswa kat mesaj nan youn. Kifè mwen sètènman . . . pou noumenm moun ki te laba la, mwen ekskize m paske m te kenbe nou lontan konsa. Mwen pa t dwe fè sa.

5 E mwen kontan tou maten an pou m isi a ak Frè Carl Williams, ak jenn Jimmy isi a, ak koral la, epi zanmi m frè Mosley yo; mwen wè Brad, Frè John Sharrit, ak tèlman anpil nan zanmi m yo; Frè Pat Tyler, isi a, ki soti byen lwen nan Kentucky, ak—ak—ak tèman anpil zanmi jis pou reyini nan asanble sa—sa maten an. Ou wè, m te wè yon pakèt zanmi m ki soti nan Tucson e elatriye, ki chita isi a.

6 M ap panse, yon jou lè tout bagay sa a fini, alò n ap rasanble kote n ap . . . nou p ap . . . nou—nou p ap janm oblije sispann koute bèl mizik sa, ou wè. Mwen te fèk rive remake ke pitit gason Frè William lan, ki chita dèyè a la, li te fè yon temwayaj lòt jou swa a nan Ramada Inn. E mwen panse li jis apeprè prèske sis pye nan wotè. Men mwen di nou, apre temwayaj sa a, mwen kwè li te dis pye nan wotè. Li jis . . . Mwen te vrèman apresye sa ti gason an te di, yon temwayaj mèveye konsa.

7 Lè m tande jèn kanmarad debyen sa yo ap temwaye de lafwa yo ki santre sou Kris . . . E mwen—mwen ap vin granmoun, e

mwen . . . yon jou mwen gen pou—pou—pou m pati epi al Lakay. Epi pou m wè jèn kanmarad sa yo k ap vini ki pare, e ki prepare tèt yo pou reprann kote m kite a . . . E se konsa nou fè. Se fason sa a lavi a fèt. Ke nou . . . yon jenerasyon va monte . . . epi papa ak manman. Epi yo elve ti pitit yo, epi yo wè yo marye; epi pitit pitit yo vini. Epi apre yon moman, Papa ak Manman retounen nan pousyè a. Epi, nan moman sa, timoun yo lè sa a pare ankò pou pitit pitit; e apre sa, yo ale. Men pral gen yon gran rezirèksyon jeneral youn nan jou sa yo. Yo pral rele nou tout nan Prezans Bondye pou rann kont pou sa nou te fè ak sa Bondye te ban nou: Jezikri. E kifè, mwen tèlman kontan konnen ke m te viv nan jenerasyon sa a ak yon gwoup moun tèlman debyen, ki toupatou nan lemonn, ke m te rankontre. Mwen—mwen jis—jis rekonesan anvè Bondye. Epi yon jou lè konvokasyon m lan vini, ebyen, mwen pral—mwen pral dwe al kontre ak zèv ke m te fè yo. Mwen vle pou yo tout pou glwa ak onè Bondye.

8 Gen anpil nan bagay yo antan m ap . . . n ap apwoche Nouvèl Ane a ke mwen—mwen swete mwen te ka—te ka bliye, men mwen konnen ke mwen konfese yo kòm pa bon ba Li e—e Li mete yo nan Lanmè Bliye a, e Li p ap janm sonje yo ankò. Kounye a ou wè, nou pa fèt fason sa, n ap toujou sonje. Nou ka padonnen youn lòt, men nou—nou pa ka bliye sa paske nou se—nou se—nou fèt diferan. Men Bondye ka padonnen li epi bliye li. Li ka jis efase l kòm si li pa t janm egziste. Ou wè? Paske Li gen aksè a Lanmè Bliye sa, men nou pa genyen l. Jis panse a sa, ke Bondye pa ka menm sonje ke nou te janm peche. Panse a sa! Koral, noumenm jèn moun, e si . . . e sa n di sou sa? Bondye pa menm sonje ke nou te janm peche. Ou wè, Li ka bliye tout bagay la, e Li p ap janm mennen l nan memwa ankò. Èske sa pa t ap yon bagay?

9 Sa se pa ditou yon kote pou blage. Mwen pa kwè nan sa ranse oswa blage sou . . . Sa fè m sonje yon—yon zanmi pa m. Li ale nan Laglwa kounye a. Men li—li te rakonte yon ti istwa yon fwa, konsènan yon—yon koup ki te demenaje pou vin enstale nan vil la epi . . . ki te soti nan lakanpay. E yo te gen yon . . . Jèn koup sa a te gen yon vye papa, e li te vrèman anflame pou Bondye. Alò jenn dam lan (se te papa l, lan . . .), alò li te vin ap frekante kèk moun klasik. Nou konnen, kote w gen tout kalite amizman klasik sa yo. E alò, li ta pral gen yon sòt de amizman jou sa lakay li.

10 Epi—epi papa li—li, apre l te fin pran manje midi l, enben li—li te pran Bib la epi li te soti nan sal la epi li t ap li yon moman. E li te poze L, e li t ap kriye, epi rele, epi pouse kri, epi eksite, epi leve epi mete linèt li yo epi li ankò. Apre sa li jwenn yon bagay, epi li poze linèt li yo epi li kòmanse ap kriye epi ap rele. Manzè di: "Sa t ap entèwonp fèt mwen an alò mwen—mwen—mwen dwe . . . Mwen dwe fè yon bagay ak Papa, e m pa konn kisa pou m fè." Alò li te deside ke li t ap kite l monte anwo a, epi monte anlè—anlè anwo nan plas la—la.

11 E—e li te vin ap panse: "Ebyen kounye a, m pa ka ba li Bib li

a, paske li t ap fè menm bagay la anwo la a." Alò li jis ba l yon vye Jewografi, epi l te voye l monte la. Li di: "Papa, gade imaj yo atravè mond lan ak lòt bagay pandan n ap fè fèt la." Epi l di: "Nou p ap pran twò lontan. N ap—n ap desann . . . Ou mèt desann apre yon moman." Li di: "Mwen konnen ou pa vle ale kote tout medam yo ye a."

12 Li di: "Non, se kòrèk, cheri. M pral—m pral monte la."

13 Alò misye . . . Manzè te ranje yon limyè ak yon ti plas pou li. Epi li te panse: "Ebyen, sa—sa regle pwoblèm nan. Kounye a, li pral jis gade imaj yo epi li yon ti kras nan—nan jewografi, epi . . . epi apre yon moman l ap desann. E sa va kòrèk."

14 Konsa pandan yo te rive nan mitan lè yo t ap bwè limonad woz yo a, ou konnen, lè yo te an plen nan fèt la . . . Se te apre yon moman, kay la te kòmanse ap tranble, epi granmoun lan te kòmanse ap kouri monte desann sou planche a ap rele epi ap sote. E—e manzè te panse: "Kisa k te rive l? Li pa t gen Bib la anwo a la. Sa . . . Li dwe te met men sou yon Bib."

15 Kifè li kouri monte eskalye yo, epi li di: "Papa!" Li di: "Se pa Bib la w ap li. Sa se yon Jewografi."

16 Li di: "Mwen konn sa, cheri. Mwen konnen sa! Men" li di, "ou konnen, lòt jou a mwen t ap li nan Bib la kote Jezi te di ke Li mete peche nou yo nan Lanmè Bliye a, ou wè, e yo pa t ap sonje yo ankò. E m t ap li isi a kote yo di ke yo pa menm ka jwenn fon lanmè a kèk kote, nan Jewografi a." Li di: "Jis panse, yo toujou ap chache."

17 Sa te fè l kontan. Kifè nou ka jwenn Bondye kèlkeswa kote nou gade. Ou wè, si nou jis gade toutotou, tout bagay pral pale pou Li.

18 Kounye a reyèlman, onètman, mwen—mwen te di Frè Outlaw: "Sou kisa m va pale maten an? Èske w te pwononse mesaj Nwèl ou a?"

Li di: "Wi."

Mwen di: "Mesaj Nouvèl Ane w la?"

"Non."

19 Kifè, mwen te prepare kèk pwen isi a si m te resevwa yon envitasyon yon kote, Mwen pral pwononse Mesaj Nouvèl Ane m lan. Mwen te panse m t ap kite sa pou Frè Outlaw pou pa l la, semèn pwochèn.

20 Kifè mwen te panse petèt mwen ta pran yon ti tèks isi a ki ta ka kenbe nou pou kèk minit, si Seyè a vle. E nou gen konfyans ke Li va beni nou. Mwen vle remèsye Frè Outlaw ak legliz isi a, paske yo te envite m vin pale isi a. E mwen . . . Jan Frè Outlaw te di, ke "zanmitay nou pa t janm fennen," men gras Bondye te kenbe nou pandan tout ane sa yo. Sa se premye legliz ki te envite m, e kote m te vini, se te Phoenix.

21 Mwen konnen . . . Mwen kwè m ap gade Frè Trow, isi a. Mwen pa sèten . . . ki chita devan an. Èske se sa, Frè Trow? Mwen kwè li te la nan tan sa. Mwen gen kèk ti bagay ke li te ban mwen pandan tan sa; ti . . . yo te pase l nan moul oswa yon bagay. Nou konnen, ti bagay an kwiv ki fabrike isi a kote w abite a. Epi nou gade toutotou . . . E mwen jis mande m kisa sa pral ye jou maten sa a lè nou va travèse lòt bò a, nou konnen, epi rive wè moun . . . yo di: "Ebyen, la a . . . " Nou konnen, nou pral parèt tèlman diferan lè sa, ak sa nou ye kounye a. N ap . . . Se vre. Nou p ap gen okenn mak peche oswa vyeyès. N ap pafè. O, mwen anvi tan sa (pa noumenm?) kote tout pwoblèm yo va fini.

22 E kounye a, mwen gen yon Mesaj ki soti nan Bondye ke mwen—mwen santi. E mwen . . . Mwen pa vle diferan, men mwen dwe onèt. E si mwen pa eksprime konviksyon m yo, alò nou pa ka gen okenn konfyans nan mwen. Paske mwen—mwen—mwen t ap plis tankou yon trèt oswa yon ipokrit. E mwen—mwen vle pou m nenpòt lòt bagay esepte sa, ou wè. Mwen te ka pèdi kèk zanmi sou tè a, men mwen—mwen vle rete fidèl ak konviksyon m yo, ak sa m panse ki kòrèk.

23 Bon, dèzane de sa, li te trè fasil lè m te fèk kòmanse; ak siy yo, ak mesaj la, ak predikasyon an. Tout kote te gen yon bra louvri: "Vini! Vini! Vini! Vini!" Men alò, nou wè, tout siy otantik ki soti nan Bondye gen yon—yon Mesaj, yon Vwa. Ou wè, Li swiv li. Si se pa sa . . . Bondye pa bay anyen konsa jis pou plezi pou L bay li. Li—Li voye yon bagay pou atire atansyon sou sa L ap pare pou L di a. Tankou nou gen chante mèveye sa a koral sa a te fè; kisa sa te dwe fè? Pou kalme moun yo pou yon mesaj k ap vini.

24 Se sa—se sa yon siy fè. Moyiz te gen siy ke nou te pale yo lòt jou swa a, e siy sa yo te gen Vwa. Epi lan . . . lè Vwa a te pale . . . Jezi te ale tou ap geri malad yo. Li te yon gran Òm. Men lè moman an te rive ke Pwofèt sa—sa, ki te sou tè a . . . Ke yo pa t gen youn depi katsan lane, e men Li te isi a sou tè a epi L ap fè siy. Alò Li te "yon bon kanmarad," tout moun te vle L. Men lè Mesaj la ki te swiv siy sa (Vwa a) . . . lè Li te chita yon jou, epi Li di: "Mwenmenm ak Papa M se Youn." O la la! Sa—sa—sa te yon bagay diferan. Yo—yo pat vle sa. Ou wè?

25 E sa . . . mond lan jis konsa menm, zanmi m yo. Ou wè? Yo . . . nenpòt bagay ke yo ka jwenn, si yo ka—yo ka sèvi tèt yo avè l, ou wè . . . Ke yo—yo santi ke toutotan sa pa deranje yo, enben, y ap—y ap fè l. Men lè moman an rive ke yo dwe chanje lide yo sou bagay yo, se la pwoblèm lan vini.

26 Bon, ou wè, n ap bati yon bilding, pa yon miray. Bòs mason yo vle pran yon liy blòk epi jis desann tou dwat. Kounye a, nenpòt bòs mason ka bati sa. Men sa pran yon vrè ekspè nan mekanik pou vire nan yon kwen. Ou wè? Lè w dwe taye kwen an, se moman sa li pran . . . sa montre si ou se—ou se reyèlman yon bòs mason oswa non; lè ou ka vire nan kwen an avè l, epi kenbe kontinuite

rès bilding lan, men vire nan kwen an. Kounye a se nan kwen sa yo se lè pwoblèm vini. Batisè yo vle kontinye ap bati dwat. Men nou p ap bati yon miray; men, yon bilding.

27 Kounye a, pandan n ap apwoche sa, maten an, priye pou mwen, e m ap . . . mwen toujou priye pou nou. E kounye a, annou koube tèt nou jis yon moman nan Prezans Gran Jewova Bondye a. E nou reyalize ensifizans nou; nou tout reyalize sa. E pa gen yon sèl nan mitan nou ki pa nan bezwen. E mwen mande m, pandan n ap priye, ke si gen nenpòt nan nou ki gen yon bezwen espesyal?

28 Nou konnen, Bondye enfini an, jan m te di isi a nan Phoenix lòt jou a nan—nan reyinyon isi a . . . Jis tankou televizyon, sa ap pase, Kris isi a menm nan bilding lan kounye a. Ou wè, chak mouvman ou fè, chak fwa ou bat je ou, sa p ap janm mouri. Li nan ond etè yo nan lè a. Televizyon pa fabrike sa. Li jis kapte ond sa a nan ou, epi pwodwi l sou yon ekran. Li la kanmenm. Li te toujou la. Chak mouvman ou te janm fè toujou vivan, nan lè a. Kounye a nou wè kisa nou pral ye nan jijman an?

29 Kifè, Bondye isi a nan menm fason an. Nou pa wè L, jis tankou nou pa wè imaj televizyon sa yo. Li pran yon sèten tib oswa kristal yon bagay pou kapte vwa a, epi repwodui imaj la e latriye. Sa te isi a lè Adan te sou tè a, men nou fèk dekouvri l. Bondye isi a maten an. E youn nan jou sa yo, nan Milenyòm lan, nou pral reyalize. Li pral jis pi reyèl pase televizyon oswa bagay sa yo, ke Li te ye isi a menm nan reyinyon an maten an.

30 Kounye a pandan nou . . . sou panse sa, kenbe nan kè nou sa nou gen bezwen, epi jis leve men nou ba Li. Èske n ap fè sa? Di: "Seyè, . . . " Epi nan kè nou, konsantre sou panse a.

31 Kounye a, Papa ki nan Syèl la, nou sèlman gen sèl apwòch sa a, e se pa mwayen lapriyè. E nou—nou vini nan Non Seyè Jezi a. Nou—nou pa diy pou nou chichote Non an, ni pou n itilize L. Nou pa . . . nan okenn mwayen nou panse ke nou diy, men paske yo te envite nou pou fè sa. E nan konnen sa, ke Li di: "Si nou mande Papa a nenpòt bagay nan Non Mwen, M ap—M ap—M ap akòde l." E nou se . . . si lafwa nou ka sèlman kanpe dèyè sa ki se Pawòl Li, e Kilès Li ye, alò nou sèten n ap jwenn sa nou mande a. Ou wè chak demann. Ou wè men mwen. Ou konn demann mwen.

32 E Papa, mwen priye pou yo chak. Ke tout bagay ke yo gen bezwen . . . Seyè, mwen pa kwè ke yon gwoup tankou sa ta mande yon move bagay. Se t ap pou yon bagay pou avansman wayòm yo, li ta ka pou pwòp gerizon yo, epi nan fè sa, yo ta vle, oswa pwòp konpreyansyon yo, yo ta vle sa pou yo te ka fè Wayòm Bondye a avanse.

33 E mwen priye, Bondye, pou demann chak grenn nan yo va akòde. Beni legliz sa, pastè li, asosye li yo, ak dyak yo, administratè yo, tout manm li yo, vizitè yo, etranje yo. Yo pa etranje, Seyè. Nou tout se pitit Ou pa lagras epi pa Kris. E nou priye ke Ou va ban nou maten an Pen Lavi a kounye a, pou nou

ka soti isi a ak konpreyansyon ke demann sa yo ke nou te fè yo te akòde pou nou.

34 Beni Pawòl la, Seyè, antan m ap li L. Pa gen okenn nonm ki—ki kapab oswa ki sifi pou entèprete Pawòl sa. Jan te wè Liv la nan men Sila ki te chita sou Twòn lan, e pa t gen pèsonn nan Syèl la, oswa sou tè a, oswa anba tè a ki te diy pou menm gade Liv la. Men youn nan ansyen yo te di: "Gade, La-. . . Lyon Tribi Jida a te venk." Jan, ki t ap chache wè yon—yon lyon, li te wè yon Ayo ki te sakrifye, yon—yon Ayo an san avanse epi L te pran Liv la, te monte sou yon Twòn epi chita. Epi tout selebrite nan Syèl la te retire kouwòn yo nan tèt yo epi yo te koube epi yo te konnen Li te diy.

35 Seyè, nou priye pou Li vini sou Twòn kè nou maten an. Monte epi pran posesyon chak panse ke nou genyen, epi pran Pawòl la epi pale avè nou pou nou te ka konnen plis sou Li ak plan Li nan lavi nou. Nou mande sa nan Non Jezi. Amèn.

36 Kounye a, si nou vle vire nan Bib la nan . . . Ekriti a nou jwenn Li nan Sen Matye chapit 21, epi kòmanse ak . . . Mwen panse nou pral li vèsè 10 la—la ak 11 lan nan chapit 21 Matye a. Li t ap bon, lè nou al lakay nou, si nou pa deja fè l nan jou vakans sa yo, pou nou ta li chapit sa a nèt. Li trè bon. Tout sa bon. Sa a se vre espesyalman, pou sezon sa a, epi avèk Mesaj mwen espere ke Sentespri ap pèmèt mwen pote pou nou maten an.

37 Remake vèsè 10 la pandan n ap li l, ak vèsè 11 lan.

> *Epi lè l te antre Jerizalèm, tout vil la te boulvèse, yo t ap mande: "Ki moun sa a?"*
>
> *Epi foul moun yo te di: "Se Jezi pwofèt Nazarèt nan Galile a."*

Kounye a annou . . . Se pou Bondye ajoute nan Pawòl Li kontèks la—la nan lekti Lekriti sa a.

38 Bon, nou konnen ki moman sa a ye, epi anpil nan nou abitye avèk pasaj ki nan chapit sa a nan Lekriti a. Se sou . . . vrèman sou jou ke Kris te antre nan Jerizalèm, monte sou ti bourik sa a. E nou . . . Gen yon lejann ki di ke "se te yon bourik blan." Mwen imajine se te pou anonse dezyèm vini Li a, sou yon cheval pou konba. Nan moman sa a, pwofèt la te di: "Li t ap monte . . . Wa w la ap vin jwenn ou, monte sou yon ti bourik, epi Li gen imilite epi Li dou." Se konsa Li te vini e—e . . . sou yon—yon ti bourik, yon ti piti k ap pote chay. Men pwochen fwa Li vini soti nan Laglwa (nan chapit 19 Apokalips la), Li vini tankou yon Konkeran Pwisan. Rad Li tranpe nan san, chita sou yon chwal blan, epi tout lame nan Syèl la ap swiv Li sou chwal blan. Epi lejann lan (pa selon Lekriti oswa istorikman) . . . Men lejann lan kwè ke Li t ap monte yon ti bourik blan antan L te antre nan Jerizalèm.

39 Kounye a ke . . . Mwen te chwazi sa . . . se toujou . . . paske nou nan lonbraj de . . . oswa nan moman sezon fèt Nwèl la, ak—ak Nouvo Ane a; fen yon vye ane, epi kòmansman yon nouvo ane. Nan kèk jou, anpil moun pral vire nouvo paj epi—epi fè nouvo bagay epi fè nouvo ve; e sa ap kòmanse yon nouvo ane. E sa pa janm sanble pou mwen twòp tankou Nwèl. Mwen pa konnen poukisa, mwen toujou renmen rele l "Jou Tonton Nwèl." Ou wè? Paske pa gen anpil vrèman . . .

40 Li pa t ka fèt Kris. Li jis absoliman pa t ka sa. Li ta dwe fèt nan mwa Mas oswa Avril, paske Li te Ayo a. E Li te yon mouton mal epi te fèt anba *belye* a, Siy belye. Sa te dwe fèt, ou wè. E—e mouton pa fèt an desanm de tout fason. Mouton fèt nan Prentan. Epi yon lòt bagay, kolin Jide yo kounye a, gen ven pye nèj sou yo. Kijan bèje yo te ka la?

41 Kifè sa vrèman soti nan mitoloji Women an, ki te anivèsè nesans dye solèy la. Sik solèy la pandan l ap pase, jou yo lonje epi lonje, e nwit yo vin pi kout. E ant 20 ak 25 desanm se anivèsè nesans dye solèy la, anba mitoloji Women—Women an. Epi dye pa yo . . . Epi yo te selebre anivèsè nesans dye solèy la. Epi Konstantin, epi—epi nan ekri konstitisyon legliz la ak leta a e latriye, li te di: "Nou pral chanje sa" (san li pa t konnen ki jou li te ye) "epi mete l sou anivèsè nesans dye solèy la, epi fè li: *anivèsè nesans Pitit Bondye a*." Ou wè? Sa ki . . . Men nou pa konnen ki jou li te ye.

42 Men kounye a, yo koupe tèlman nan sa ki te gen rapò ak Kris la, jouk tout bagay . . . ankò, gen kèk ki te reentwodui mitoloji a tou sou yon sèten èt yo di ki te viv, sipozeman, sou non Sen Nicholas oswa—oswa Kris Kringle, yon mitoloji Alman. E tout se jis yon mit, e Kris pa ladan l ditou.

43 Epi moun yo te kòmanse achte wiski, epi—epi jwe aza, epi swiv lamòd. Epi yon—yon nonm ki . . . yon komèsan ki ka vann machandiz li yo nan epòk Nwèl la ka viv rès ane a, prèske. Ou wè? Se tèlman yon gwo fèt, komèsyal. E pòv timoun piti yo nan lari a; paran yo pa kapab pou—pou bay yo rekonfô ak yon—yon kado, tankou ki sot nan men Tonton Nwèl, epi y ap mache nan lari a, ak ti men sal yo ak ti je wouj yo. Mwen—mwen jis pa renmen wè sa rive. Li ta dwe yon jou solanèl nan adorasyon pou Bondye, olye pou l yon kè sere ak tèt fè mal ak bagay ki fèt yo. Pa gen anyen pou Kris nan sa. Men nou drèt nan mitan tout sa kounye a.

44 Nou twouve nou, yon ti jan tankou yo te ye nan epòk sa a. Ou wè, se jis antre kounye a nan yon gwo fèt. Jezi t ap vini nan yon Fèt Pak. E Li te antre nan Jerizalèm . . . oswa t ap antre nan Jerizalèm. E pwofesi yo sou tout bagay Li te fè yo dwe akonpli. Tout bagay nan Bib la gen yon sans. Tout non gen yon sans. Pa gen anyen ki ekri nan Lekriti ke sa ki gen yon—yon sans pwofon.

45 Mwen te pale lòt jou swa a nan Tucson, sou *Poukisa Sa Te Dwe Bèje Olye De Teyolojyen?* Li te fèt drèt bò kote legliz la.

E Sentespri a te ale byen lwen nan dezè a epi al chache, pa teyolojyen, men bèje. Sa te dwe konsa. Teyolojyen yo pa t ap kwè yon Mesaj konsa. Alò yo . . . sa te dwe bèje.

46 Mwen te preche isi a, kèk lane de sa, de zan de sa, *Poukisa Sa Te Fèt, Ke Sa Te Dwe Ti Betleyèm?* Si Seyè a vle, pwochen Nwèl la, mwen vle nou preche sou, *Poukisa Sa Te Dwe Maj Yo? Poukisa* sa yo?: yo gen repons pou yo, e yo isi a menm nan Bib la. E n ap viv nan yon tan mèveye, pi gran tan nan tout aj yo. N ap viv nan lè, nenpòt lè ke li . . . tan an ka sispann epi Letènite ka fonn drèt avèk li epi kontinye. Aj yo ke tout pwofèt yo ak saj yo t ap tann. Nou ta dwe rete vijilan chak èdtan, ap veye vini Li.

47 Nou twouve nou, nan Nwèl sa, jis apeprè tankou yo te ye nan premye Nwèl la poutan. Mond lan jis sou pwen pou l kraze. Menm jan m te preche sou sa yon fwa, yon kote, sou yon mesaj Nwèl, *Mond Lan K Ap Tonbe An Moso*. E lemonn ankò jis sou pwen pou l vini an miyèt moso. Gade tranblemanntè yo bò isit la nan Kalifòni. Mwen predi, anvan vini Seyè Jezi a, ke Bondye pral koule plas sa. Mwen kwè ke Hollywood ak Los Angeles, ak kote sal sa yo lòtbò a, ke Bondye Toupwisan an pral koule yo. Yo prale anba fon lanmè a. E se tèlman ranpli ak peche, ou wè, se baryè a.

48 Sivilizasyon an vwayaje ak solèy la, depi . . . e li te kòmanse nan Lès, pou ale nan lwès. Epi kounye a li nan Kòt Lwès la. Si l al pi lwen, l ap tounen nan Lès ankò. Kifè sa se baryè a. E peche vwayaje ak sivilizasyon an, e li vin latrin lan pou tout aj yo. Bagay yo fè ke—ke èt imen nan nenpòt lòt aj pa t ap panse a yon bagay konsa. Fanm yo jete tèt yo nan yon tèl malpwòpte, jouk pa gen okenn fanm nan okenn aj ki ta janm panse a yon bagay konsa tankou nou fè jodi a. Epi nou toujou rele tèt nou Kretyen. Ala yon wont!

49 Se pa etonan gran pwofèt la te leve, e li te di: "Mwen pa yon pwofèt ni pitit yon pwofèt, men . . . " Li di:

> *Lyon an gwonde,* e *ki moun ki* p ap *pè?* Epi . . . *Bondye* pale, e *ki moun ki ka* anpeche *tèt li pwofetize?*

Ou wè? Gen yon bagay ki dwe rele pou soti.

50 Nou nan yon lè kritik; mond lan ladann. Men Legliz la, vrè Legliz la (pa denominasyon an); men Legliz la, Limenm, pare pou pi gran triyonf Li te janm fè: vini Lepou a bò kote Lepouz la.

51 N ap kraze an miyèt moso, ap tann yon mesi, yon bagay, pou vin sove nou, fè nou soti nan tout sa. Nou gade laba, pwoblèm yo laba nan Lès la. Nou gade lòtbò ann Afrik apwopo soulèvman yo, ak pwoblèm rasyal yo, ak entegrasyon an, ak—ak segregasyon yo. E nou tout te fè gwo bri epi nou te rele fò isit la sa pa gen lontan (zanmi nwa nou yo) konsènan: "Nou dwe gen, nou dwe gen entegrasyon. Se sa nou bezwen. Nou dwe gen entegrasyon; chak moun, egal, chak moun." Ebyen, se pafètman kòrèk. Se pafètman

kòrèk. Mwen pa kwè nan esklavaj. Moun sa yo pat esklav pou kòmanse. Yo pa esklav.

52 Bondye se yon segregasyonis. Mwen menm tou. Tout Kretyen se yon segregasyonis. Bondye separe pèp Li a ak tout rès yo. Gen—Te toujou gen yon segregasyon. Li te chwazi yon nasyon. Li chwazi yon pèp. Li se yon segregasyonis. Li te fè tout nasyon yo. Men malgre sa, yon vrè Kretyen otantik dwe yon segregasyonis. Separe tèt li ak bagay lemonn yo ak tout bagay, epi vin nan yon sèl bi, Jezikri.

53 Men yo rele sa fò. Mwen te eseye di yo: "Se pa bagay sa ki pral sove nasyon nou an. Sa se sèlman yon konbin politik. Se yon—se yon bagay ki gen orijin kominis." Mwen panse Martin Luther King pral mennen pèp li a nan pi gwo labatwa, masak, ke yo pat janm genyen. E yo . . . Nou wè, se pa sa ki pral reyini mond lan. Se pa sa ki pral sove nou. Nou ba yo entegrasyon. Kounye a sa vin pi mal pase l te janm ye. Ou wè, sa se pa . . . se pa kesyon an sa. Gen yon sèl bagay ki kapab: sa se Bondye. E yo sètènman pa vle Sa.

54 Yo pat vle L nan epòk sa a. Yo t ap tonbe plat atè, e politik yo t ap dekonpoze, nasyon yo t ap efondre, legliz yo t ap brize, e yo t ap kriye pou yon Mesi. Yo te vle L. "O, voye yon Mesi pou nou." Men lè Li vini . . .

55 Bondye te bay . . . bay repons pou priyè w la. Ou te mande, e ou va resevwa. E se . . . Mwen te ka rete isi a pandan plizyè èdtan, sou gason ak fanm, menm Kretyen, k ap priye pou yon bagay; e Bondye bay repons lan e yo pa menm rekonèt li.

56 E kounye a, Bondye te ba *yo* repons lan. Yo te vle yon Mesi. Yo te konnen ke yo te gen dè Seza, e yo te gen—yo te gen dè David, yo te gen dè Salomon (nonm saj la), yo te gen dè David (sòlda pwisan yo), yo—yo te gen tout kalite, men yo te konnen yo te dwe gen èd ki sot nan Syèl e yo . . . Bondye te pwomèt yo yon Mesi. E Li te voye Mesi sa ba yo, nan repons pou priyè yo, men yo pat vle L.

57 Mwen mande m, jodi a, si priyè nou yo . . . Nou tande yo di: "Priye pou yon gwo revèy. Priye pou *sa*. Priye pou yon devèsman. Priye pou inite." Mwen mande m, si Bondye ta voye yon pwogram konsa, si nou t ap aksepte l. Mwen jis mande m si nou t ap aksepte sa Li voye ba nou. Ou wè, Li . . . Rezon ki fè nou priye pou bagay sa yo, paske nou konnen sa se yon nesesite. Men lè Bondye voye l nan fason ke Li vle l la, alò li pa selon gou nou, e se poutèt sa nou p ap resevwa l. E se konsa l te ye nan jou sa. Si L pat selon gou kwayans yo ak pa yo . . . Yo—yo pa t ap resevwa L ankò, jodi a. Se pou rezon sa yo te poze kesyon sa: "Kimoun sa ye? Kilès kanmarad sa k ap vini an ye?" Ou wè, se te yon—yon tan ekstraòdinè. O, tout moun te . . . yon tansyon. Yon bagay t ap pare pou l rive.

58 Epi gade lemonn jodi a, ala yon tansyon lemonn antye ap viv ladann. Ou desann nan lari a . . . Li—li pa menm an sekirite pou kondwi. Li pa an sekirite pou w sou yon gran otowout kat liy. Tout moun sou tansyon, ap krake epi . . . Ki pwoblèm lan? Kalme w. Ki kote w prale? Se sa k ap fè enstitisyon moun fou yo ranpli. Se sa ki mete legliz la nan yon dezòd konsa. Yo—yo sitèlman obsede ak sèten bagay. Yo p ap rete epi konsidere Pawòl Bondye a, ak lè n ap viv la; tout moun anba yon presyon, yon tansyon.

59 E kounye a, nou konnen, nou okouran. Tè a fèk pase kèk gwo doulè akouchman. E legliz la ap pase kèk doulè akouchman. Li te dwe pase doulè akouchman anvan li te ka bay . . . Chak nan pwofèt yo, lè yo te vin nan mond lan, se te yon doulè akouchman pou legliz la. Mond lan te pase yon Premye Gè Mondyal, Dezyèm Gè Mondyal, e kounye a li pare pou yon Twazyèm Gè Mondyal. E li nan doulè akouchmans ankò. Men gen yon sèl bagay ki ka pote lapè, e se Kris.

60 Tout plan nou yo, ak opinyon nou yo, ak echafoday eklezyastik nou yo, ak tout politik nou yo, ak tout syans nou ak tout bagay, sa te pwouve ke sa san sans. Epi nou priye pou Bondye pou—pou L ede nou, pou fè entèvansyon: "Vini epi fè yon bagay pou nou." Epi lè Li fè sa, mwen jis mande m si nou t ap kapab konprann Li; si nou t ap kapab resevwa L; oswa nou ta menm konsidere L?

61 Kounye a, se sa ki te fèt anvan nan epòk sa yo. Yo t ap priye, yo te gen tout kalite gwo lidè, yo te anba gouvènman yo, yo te anba wayote, yo te anba tout bagay, jij yo. Men yo te konnen ke gen yon sèl bagay ki te ka sove yo, se te Mesi ki t ap vini an. E *Mesi* a vle di "sila ki wen an." Yon èt imen ki te wen. Alò èt imen an, ki wen ak Pawòl la. Pawòl la te fèt chè nan mitan nou. E lè Li vini, Li—Li pa t jis egzakteman nan gou ke yo te vle L la; pa gou ke yo te genyen an . . . ke Li ta dwe vini. Kifè se poutèt sa yo—yo—yo te rele: "Kilès kanmarad sa ye? Pou kisa tout deblozay sa a?" Te gen yon gwoup peyizan laba nan pòtay la, ki t ap rache branch palmis yo epi . . .

62 Epi li di: "Ebyen, fè yo pe bouch yo. Yo rann nou sou nè, fason y ap rele a, epi kriye byen fò, epi eksite."

63 Li di: "Si yo pe bouch yo, wòch sa yo pral kriye imedyatman."

64 O, tan an t ap dewoule! Pwofesi t ap akonpli. Se pa etonan! "Lyon an gwonde, e kimoun ki p ap pè? E Bondye te pale. Kimoun ki ka anpeche tèt li pwofetize?"

65 "Non, si Li pat jis selon pwòp gou pa nou . . . Si L pat jis fason nou te vle L la, fason ke nou te panse Li ta dwe vini an, nou pa t ap resevwa L." Lè sa a, se te kredo yo ki te fè yo elwaye yo tèlman de Pawòl ki ekri a. Yo te sitèlman lwen, yo pa t rive rekonèt Sila Ke yo te priye pou L vini an. Legliz yo te fè yo elwaye yo tèlman, jouk bagay la menm ke yo te priye pou li a, te vini drèt nan mitan yo, e sa pat nan gou yo, e alò yo—yo—yo pat ka kwè L. Yo te dwe

elwaye de Li. Yo te chase L. Yo . . . Gen yon sèl bagay ou ka fè lè w rankontre Kris. Se swa ou aksepte L oswa ou rejte L. Ou pa ka janm soti san pran pozisyon. Ou pa ka fè sa. Se—se pa ou ki pou fè l. Se jis konsa sa ye.

66 Jis remake, jan pa t gen anpil moun ki te rekonèt ke Li te Pawòl Wen an, nan jou sa a. Ou wè, Bondye nan kòmansman an, kòm Li te enfini, e Li te konnen tout bagay depi nan kòmansman . . . E sèl bagay ke bagay sa yo ye se manifestasyon atribi L yo. Yon atribi . . . Ou gen yon atribi. Se panse w. Ou *panse* a yon bagay, apre sa ou *pwononse* l, apre sa ou *pran* l. Sa se Bondye. Li, nan konmansman an . . . Si ou se . . . Si ou te janm oswa ou va janm nan Syèl la, ou te nan Syèl pou kòmanse. Ou fè pati de Bondye. Ou te panse Li. Li te konnen non w. Li te konnen kimoun ou te ye anvan te janm gen yon—yon—yon molekil, anvan te gen yon limyè. Anvan te gen anyen, Li te konnen w ak non w. Epi Li te mete l nan Liv Lavi Ayo a, anvan mond lan te janm fòme. Ou wè, ou te panse Li. Epi yon . . . Apre sa ou vin yon Pawòl. E yon pawòl se yon—yon panse ki eksprime. Apre sa ou manifeste.

67 Se fason sa Li te ye. Li te Poukont Li nan konmansman an. Bondye te abite poukont Li ak panse L yo. Li p ap janm fè sa ankò paske panse L yo ap manifeste. E se poutèt sa nou isi a menm, jou sa . . . se Bondye k ap kominye ak panse L yo, k ap manifeste. Ou wè? Men ni. Kifè, ou menm, pa enkyetid ou yo, ou pa ka ajoute yon koude sou wotè w. Ou pa ka fè *sesi, sela,* oswa *se lòtbò*. Se Bondye ki montre mizerikòd. Se Bondye. "Tout sa Papa a ban Mwen pral vin jwenn Mwen, e pèsonn pa ka vini sof si Papa M atire l." Sa regle kesyon an.

68 Kounye a, jis remake, kijan se te yon ti ponyen nan epòk Li a, nan milyon ki te sou tè a, ki pa t janm menm konnen L te isi a. Jis panse, te gen dè dizèn . . . milyon moun ki pa t janm konnen anyen sou sa. Epi pou panse, an Izrayèl nan epòk sa, te gen de milyon edmi moun nan Palestin, dè Izrayelit, e pa yon santyèm nan yo ki te janm konn sa. Se pa etonan Li te di: "Pòt ki jis la e chemen ki difisil la, men p ap gen anpil moun k ap jwenn li." Jis panse a konbyen ki pa t rekonèt Li! Yo pa t konnen ke Li te Sila a. Epi yo te drèt bò kote Li te ye a; se sa ki tris la.

69 Sila yo ki te mache avè L, e ki te wè L nan lari a, e latriye . . . yo—yo pa t rekonèt Kiyès Li te ye, paske Satan te asire l ke Li te gen non an—an ki pi endesan ke yo te ka bay yon moun. Lemonn te rele L, mond natirèl la, yo te rele Li—Li yon ilejitim, paske li te di ke manman an te vin ansent Li, pou Jozèf, anvan manzè te marye avè l. Kifè li te ba L yon non ki pa lejitim.

70 Epi ankò, legliz la—la te wè Li demontre gwo pwisans Li lè Li te manifeste. Li t ap manifeste kisa? Pa manifeste yon kredo! Li t ap manifeste Pawòl la! Li te Pawòl Wen an, Limenm. E lè yo te wè sa a k ap fèt (manifestasyon an, Mesi Wen an), yo te rejte

L. Yo pa t vle Sa. Sa pa t nan gou yo. Sa se pati ki fè pitye a. Konbyen . . . ? Jis panse a sa! Jis tankou nan lòt epòk yo.

71 Ou wè, chak te gen pwòp entèpretasyon yo de Pawòl la. Se sa . . . rezon ki fè Izrayèl pa t rekonèt Moyiz. Se pou rezon sa a mond lan pa t rekonèt Noye. Se pou rezon sa a yo pa t rekonèt tout pwofèt yo. Yo gen pwòp entèpretasyon yo de Pawòl la. Men Bondye, nan chak aj, te gen Mesi Li. Ou wè? Rejte Mesaj Noye a, se te rejte Bondye. Rejte Noye, se te peri. Rejte Moyiz, se te peri. Se te . . . Yo te Mesi Wen yo pou aj sa, Pawòl ki te pwomèt pou aj sa. E lè Jezi te vini, Li te plenitid Pawòl la.

72 Bondye, Limenm, ki te fèt nan estrikti yon nonm, ak zo ak chè; Sila ki Wen an. E yo te dwe wè sa. Men ou wè, mond legliz yo—yo te sitèlman ajoute isi a epi retire isi a e—e latriye, jouk sa te sitèlman an dezòd jouk yo—yo te mete konfyans yo nan legliz yo olye de—de Pawòl la. E lè yo te wè legliz yo wen, alò yo te panse yon gwo bagay t ap rive. Men lè yo te wè Pawòl wen an—an, alò yo te di: "Sa se fanatis. Nonm sa se yon demon, yon Bèlzeboul." Paske sa te tèlman kontrè ak legliz yo a jouk . . . kredo legliz yo ak sa yo te fè. E se te fason sa a nan chak vini yon pwofèt, legliz la te sitèlman an dezòd.

73 Bondye te voye lwa L yo e L te ba yo yon alyans. E prèt la te vini epi koupe retire, epi ajoute, epi pran bò isi a, epi fè yon kredo avèk li. Epi apre sa, Bondye te fè yon nonm soti okenn kote, yon nonm wen ki te leve pa pwisans Lespri a. E prèt yo, wa yo te toujou rayi l. Epi—epi kote fo pwofèt yo te mete rad moun swa yo, epi yo te mache avèk imilite, epi dousman nan mitan wa yo ak prèt yo, pou yo merite gwo non ak—ak bagay. Alò vrè pwofèt, reyèl la, te soti okenn kote, okenn nan òganizasyon yo.

74 Ki kote—ki kote te gen youn nan Bib la, kote Bondye te janm pran yon prèt pou fè yon pwofèt apati de li? Ki kote Bondye te janm pran yon teyolojyen legliz (nonm ki te fòme, nonm ki te fòme nan teyoloji) pou fè yon pwofèt apati de li? Jamè nan istwa yo nan okenn kote, Li pa t janm fè l, nan okenn aj . . . Li pat janm fè l. Li dwe soti deyò sistèm sa a, epi fè l parèt. E se sa li te fè isit la.

75 Jezi, lè Li te fèt nan Betleyèm nan Jide, soti nan yon fanmi pòv, e Li pa t gen okenn orijin ke yo te konnen, jis youn nan tribi pa—pa Jida, e manman L ak papa L te desandan David; e yo te dwe vini epi pou yo resanse yo. E men Li te isi a, jis yon jèn kanmarad, nan viwonn lan . . . ki pa p fè anyen ke dechire legliz yo. E yo te rayi L. E yo pa t ka di lòt bagay ke nonm sa te fè mirak. Pyè te eksprime ke nan Jou Pannkot la, li te di: "Jezi, moun Nazarèt, yon Nonm ki apwouve pa Bondye nan mitan nou, ke Bondye te avè L." E pa pou ajoute nan Pawòl Li oswa anyen; pou rann li yon ti kras pi klè: "Li te Bondye ki te fèt chè avèk nou. Bondye avèk nou."

76 Epi m t ap di lòt jou swa a, ke Moyiz, ki te kanpe la ak men l nan lestomak li, li . . . ke se te Bondye nan Moyiz. Li . . . (ki te kenbe sekrè yo nan kè l), epi li te retire l, li te vin blan ak lalèp. Epi li te remete l nan lestomak li epi li te geri l, epi te lonje l ankò ba nou lè Li te voye Sentespri a desann; ki te Bondye, ankò, jis sou yon lòt fòm nan Jou Pannkot la. E nou rejte L. Nou pa vle Sa. Se konsa yo te fè lè sa a. Se konsa ke nou ta fè l petèt jodi a.

77 Nou wè, chak nonm gen pwòp entèpretasyon pa l. Se poutèt sa sa tèlman mete konfizyon. Men nou konnen, Bib la di, ke, "Pawòl sa a pa dwe sibi okenn entèpretasyon prive." Li pa bezwen yon entèpretasyon Presbiteryen de Li. Li pa bezwen yon entèpretasyon Batis. Nitou Li pa bezwen yon entèpretasyon Pannkotis. Bondye se Pwòp Entèprèt pa L. Li te di Li t ap fè l, alò Li jis fè l, e sa regle kesyon an. Kifè se poutèt sa yo wè Pawòl pwomès la wenn e alò yo—yo pa ka resevwa L, nou wè, paske Li kontrè ak kredo yo—yo.

78 Ak kisa Mesi a (Sila ki Wen an) ta sanble, ak kisa L ta pral fè; sa te lwen konpreyansyon yo. E alò lè yo te li l pou yo nan Lèzekriti, sa Li ta pral fè, yo toujou pa t konprann Li. Paske lè maj sa yo te vini, soti nan Babilòn, yo te on jan nan nòdès pa rapò ak Jerizalèm, epi yo te gade laba epi yo te wè Etwal sa ki mennen nan lwès. Yo te swiv Li pandan dezan, yo te travèse Rivyè Tig la, epi travèse vale yo ak Shineya, epi yo kontinye desann, rive nan kapital tout relijyon yo. Pi gran relijyon nan mond lan, nan tanp lan, nan Jerizalèm. Epi yo te monte desann nan lari yo ap di: "Ki kote Li ye? Kote Sila ki te fèt Wa Jwif yo?" Enben, pèsonn pa t konn anyen sou sa. Sa te etranj.

79 Li te menm ajite Sanedren an . . . yo te rele save yo epi yo te di yo: "Li nan Lèzekriti kote yon Mesi . . . "

80 Epi yo te ale epi yo te pran Lèzekriti yo—yo epi yo te li byen fò ke Miche te di: "Nan . . . Jide . . . Bètleyèm nan Jide, èske w pa pi piti a pami tout prens yo? Men gouvènè sa va soti nan ou."

Ou wè, olye pou yo mennen ankèt, yo te jis voye l jete: "Ebyen, se yon bann fanatis." Ou wè? Se poutèt sa bèje yo te resevwa Mesaj la. Ou wè, yo pa . . . Yo gen pwòp entèpretasyon yo, se poutèt sa, yo—yo rate vrè bagay reyèl la.

81 Men kòm toujou, lè Li vini, Li vini jis egzakteman fason Pawòl la te di Li t ap vini an. Li te antre nan vil la jis egzakteman, nan tèks nou an maten an, fason Pawòl la te di Li t ap vini an. Epi yo te di: "Kimoun sa ye?" Èske nou wè sa m vle di a? Yo te dwe konnen Kimoun sa te ye. E men . . . pa mond deyò a, men mond legliz la te di: "Kimoun sa ye? Kimoun sa a?" Alòske, la a, Lèzekriti te di aklè ke se egzakteman fason sa Li t ap vini. Epi yo di: "Kimoun sa ye? Kimoun kanmarad sa ye? Pou kisa tout emosyon sa a? Sispann fè tout bri sa a, sa rann nou nève." En-en. Ou wè? Lan . . . Ou wè? Bagay menm yo te priye pou li a te drèt la nan men yo, e yo pat rekonèt li. E Li te vini jis egzakteman fason

Lekriti a te di Li tap vini an. E si Li vini jodi a, L ap vini jis fason Lekriti a di Li pral vini an. Li toujou vini nan gou Pawòl Bondye a, e pa nan gou lide kèk teyolojyen sou sa.

82 Anpasan, èske nou te konnen Pawòl Bondye a pa t janm vin jwenn yon teyolojyen? Jwenn Lèzekriti kote Li te janm fè l. Pawòl la pa vin jwenn teyolojyen yo; pa ditou. Men nou wè, si Pawòl la te manifeste jodi a, Pawòl pou tan pa nou an, Li t ap nan gou Pawòl Bondye a. Pa nan gou lide yon moun. Bondye t ap pran Pawòl Li ke Li te pwomèt pou jou sa a, epi wenn Li, e Li t ap rive. Se tou. Pa gen okenn fason pou anpeche Sa rive. L ap fè l kanmenm, kèlkeswa sa legliz la di ak sa rès lòt yo kwè e, sa, Bondye ap fè l kanmenm. Se sèlman yon ti ponyen moun ki pral okouran de sa. Se vre, jis yon ti ponyen moun. Li te toujou konsa.

83 Ou wè, ak pwòp entèpretasyon pa yo, yo pa t ka fè anyen lòt paske yo te apiye sou sa legliz la te di yo. Men Li t ap vini . . . Li te toujou vini lè sa . . . Li te vini lè sa a, okontrè, e Li t ap fè sa chak fwa Li vini, epi tout bagay Li fè, se va nan gou Pawòl la. Kifè se poutèt sa, nou pa ka mete konfyans nan sa lòt moun di. Gen yon sèl bagay ke nou ka mete konfyans nan li, e se Pawòl la. E Pawòl la se Bondye. E Pawòl wen an pwodui Mesi a; Pawòl wen pou lè a. Ala bèl! Yo te rate l, Pawòl la; vrè a . . . Yo te gen . . . Pawòl la toujou vrè, men entèpretasyon yo de Li te fo.

84 Mwen mande m si gran bagay sa a, Konsèy Ekimenik sa ke nou genyen nan mond lan jodi a, epi Konsèy Mondyal Legliz yo k ap fòme ansanm pou fè nou tout youn . . . Mwen mande m si yo reyalize si . . . Se egzakteman sa Lèzekriti yo te di yo t ap fè. Men yo panse se bagay ki pi mèveye nan mond lan, ke nou tout ka mete men ansanm epi fè youn. Yo di: “Jezi te priye pou nou ka youn.” Sa se vre. Men pa youn konsa.

85 Li di: “Se pou nou fè youn menm jan Mwen ak Papa a se youn.” Wi, se pou nou youn konsa. Alò kijan sa pral ye? Pawòl ki nan nou an se t ap Pawòl wen an. Sa se inite Bondye a. Ou wè, inite Bondye a se Pawòl la ki wen nan ou. Ou wè? Epi ou vin yon pitit gason (yon mesi) nan aj la.

86 Kounye a nou jwenn moun yo prèske menm jan an. Moun yo pa chanje. Moun sa yo te divize an twa gwoup. E nou pral gade sa pandan kèk minit kounye a. Mwen konnen mwen pral bay jis yon ti kras reta, si sa kòrèk avèk nou. Mwen jis tèlman lan, mwen—mwen—mwen jis . . . mwen pa konnen; mwen—mwen rive la epi mwen ekri referans Biblik yo, ak kèk ti nòt. Epi alò mwen—mwen rive la epi Sentespri a—a met lamen sou youn, e mwen—mwen—mwen—mwen . . . jis sanble li jis pa gen fen nan sa. Sa jis kontinye ap kontinye. Men, kounye a, nan tèks nou an.

87 Yo te divize, la, an twa gwoup diferan, ak twa opinyon diferan. Kèk nan yo te kwè L. Kèk nan yo te rayi L. E kèk nan yo pa t konn kisa pou yo fè.

88 Ou wè? Sa se—sa se jis konsa nou jwenn li. Mwen te preche, mwen kwè nan legliz sa, yon fwa: *Kwayan, Swadizan kwayan, ak Enkwayan*. Twa sa yo nan gwoup la, ou—ou genyen sa toupatou. Sa se twa nan gwoup la, tou; nou wè eta sa a nan moun yo te toujou la. Nou ka retounen byen lwen dèyè epi pwouve, ke se nan eta sa moun yo toujou ye. Yo te toujou nan jan de kondisyon sa.

89 Alò nan wè ke li te toujou konsa, alò li fè nou gen tandans kwè ke Bondye te fasonnen moun yo pou yo konsa. Enben, L ap fè lènmi Li louwe L. Tout bagay. . . Pòl, ki te ekri, nan Women, chapit 8, te di: "O, moun fou. Èske ajil la ka—ka di potye a, poukisa ou fè. . . mwen konsa? Èske Li pa gen pouvwa pou fè yon veso pou lonè epi yon lòt pou dezonè?" E si Li pat fè okenn nwit? Ou pa t ap janm apresye solèy la. Si tout te solèy, ou pa t ap konnen kijan pou apresye l. E si pa t gen okenn maladi? Ou pa t ap janm konnen kijan pou apresye bon sante. E si pa t gen moun ki mechan? Si pat gen move fanm? Yon bon fanm pa t ap onore. Ou wè? Yo pa t ap. . . Lonè pa t ap vin jwenn li, paske se jis tout ki fason sa, se jis yon sèl bagay plat. Men se yon lwa kontras.

90 Bondye fè l konsa: youn ki pou tèlman dezonorab, pou montre sila ki onorab la; youn ki pou tèlman fo, li montre. . . Si se pat sa, se t ap sila bon bagay la. Si pa t gen. . . Pa ka gen yon fo dola anvan ke gen yon vrè dola. Epi fo a se. . . Si yo te jis fè yon fo pou kòmanse, alò se t ap vrè a. Men se—se yon kopi. Pa ka gen. . . Pa ka gen peche anvan pou gen jistis. Paske jistis se bagay dwat la—la, epi peche se pèvèsyon jistis la. Nan lòt mo, yon verite se yon verite. Yon manti pa ka yon manti anvan ke gen yon verite an premye; pou pèvèti verite sa nan yon manti. Kifè tout peche se pa anyen ke jistis ki pèvèti. Se poutèt sa, gen yon sistèm nan mond lan.

91 De sistèm; e youn nan yo se sistèm ki *jis* la, e lòt la se yon sistèm ki *pèvèti*. E youn nan yo se Pawòl Bondye a, ki jis; e pawòl tout moun se yon manti. E sistèm denominasyon sa nou genyen jodi a, k ap fòme yon Konsèy Mondyal Legliz pou fè yon mak bèt la pou fè yo ini ansanm, se yon bagay fo. E lòm ap mache antre ladan l avèg.

92 Bondye te fin mete bagay la sou tè a pou yo delivre pa li. Men yo panse ke se yon bann fanatis. Yo pa vle l. Yo mete l deyò. Yo panse ke yo dwe fè yon bagay sou sa. Yo dwe fè pwòp sistèm pa yo. Bondye deja gen sistèm lan isi a, Pawòl Li. Men nou pa vle Sa. Alò nou twouve tèt nou jodi a, jis tankou yo te nan epòk sa a.

93 E kounye a, nan wè ke moun yo fasonnen pou yo fason sa. . . Remake, nou di. . . Mwen—mwen konnen mwen pran anpil tan, men mwen pa vle kontinye gade sa paske sa mete mwen sou nè. Ou wè?

94 Politik; kounye a nou pran tankou. . . Ann jis pran pa egzanp. . . pou wè si moun yo fasonnen pou yo nan twa—twa

kategori. Ann pran politik. Gen kèk ki cho wouj pou yon nonm. E yon lòt gwoup rayi l. E yon lòt gwoup pa konn kisa pou l fè konsènan li; yo pa konn kilès pou yo chwazi, e sa mete yo nan yon konfizyon.

95 Nonm *sa a* di: "O, li se yon grantòm. Li—l ap fè pi bon Prezidan an pou nou."

Lòt la di: "Li pa anyen ke yon renega."

96 Alò sa ki *nan mitan* an di: "Kounye a mwen pa konn kisa pou m fè." Ou wè? Ou wè, nou fasonnen konsa. Nou fèt konsa. Se konsa èt imen yo ye. Li te dwe konsa pou akonpli gran plan Bondye a. Epi pou pèmèt reyalizasyon sa Li pral akonpli sou tè a, li te nesesè pou lòm te fasonnen konsa. Youn *jis*. Lòt la *fo*. E lòt la *nan mitan* de yo. Sa te toujou konsa.

97 Remake, yo fè sa chak fwa ke yo pa konnen . . . Nonm ki nan mitan an, se yon move plas paske: youn ka montre rezon an, poukisa li panse li gen rezon; lòt la ka montre kijan l panse li gen tò; e sila ki nan mitan an pa konn anyen sou zafè a, li pa konn nan ki direksyon pou l vire. E se jis konsa sa ye nan relijyon. Moun yo fè menm bagay la jodi a konsènan destinasyon Etènèl yo.

98 Kounye a nou pral fè mal, jis yon minit. Yo fè l konsènan destinasyon Etènèl yo. Yon nonm ki pral ale laba a nan sa—nan sa . . . pou manje. E si w ta jwenn yon arenyen nan bòl soup ou a, ou ta vle pouswiv konpayi sa a oswa restoran sa a an jistis. Enben, ou pa t ap manje soup sa, li t ap anpwazonnen. Ou—ou—ou—ou pa t ap pran l ditou, yon gwo ravèt oswa yon bagay ki bouyi nan yon bòl soup. Enben, ou pa t ap pran l ditou. Sa t ap rann ou malad pou panse a sa. Men poutan, ou pral kite yon bann teyolojyen pouse yon bagay desann nan gòj ou ki pral voye w yon milyon mil lwen Bondye, epi ou pral gobe sa. Alòske, "Lòm va viv pa tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye." Se yon chenn ke nanm ou pandye anlè lanfè avè l. E jan m te di anvan an, "Yon chèn pi bon nan pwen ki pi fèb li." Yon mayon ki kase . . . se tout sa ou dwe fè se kase youn nan yo; se tou. Rès lòt yo pral detache akòz sila. Li sèlman solid menm jan ak mayon ki pi fèb li a.

99 Kounye a . . . E yon moun ki konnen si w manje soup sa ak yon arenyen anpwazonnen ladan l, petèt li t ap fè w malad. Ou t ap oblije al lopital, epi—epi sibi yon lavaj lestomak ak tout kalite lòt pwoblèm. E sa te ka touye w vre. Men, o la la! Ou t ap . . . Enben, ou pa t ap janm ale nan yon kote konsa. Ou pa t ap janm vle franchi pòt la ankò, paske ou—ou—ou pè pou pa ta vin anpwazonnen epi mouri. Epi nou pral absoliman fè nou manm, anrejistre non nou nan liv yo, epi pou goumen pou kòz menm sa a, ke Bib la di ke "Li pa kondane kò ou, men sa ap voye nanm ou nan lanfè." Ou wè? Ala l etranj sa ke moun yo fè. Yo—yo te . . . Yo pran destinasyon Etènèl yo, baze l sou kèk tèm teyolojik. E ou ka pote Lekriti a ba yo, di: "Sa se sa Bib la di. Men l isi a menm."

100 Epi teyolojyen an gade Li: "Ebyen, se te pou yon lòt jou." Ou wè? Epi nou koute l. Ou wè sa Bondye di. Yon vrè Kretyen reyèl, sèlman koute Pawòl sa, e se tou. Se Pen sa ki fè lòm Bondye a viv.

101 Remake, kèk—kèk kwè nan Pawòl la. Alòske gen lòt ki kwè nan entèpretasyon denominasyon yo. E gen lòt, ak konfizyon sa a, ki pa konn sa pou yo kwè.

102 Kounye a *kèk* nan yo te di: "O, Konsèy Mondyal Legliz sa a, se pral bagay la sa. Sa pral fè nou tout youn. O, se jis sa."

103 Epi *lòt yo* di: "Enben, sa vini de dyab la! Men li isi a nan Lekriti a."

104 Alò *nonm ki pa pran tan* pou l rete priye epi eseye chèche konnen sa k ap pase a, li di: "O, ann bliye sa." En-en. Bliye sa? Se pa w. . . deklarasyon w, frè, pozisyon w, kondisyon ke w aksepte yo, se sa ki pral voye w nan destinasyon Etènèl ou a kote ou pral ye pou tout tan. Pa fè sa.

105 Se devwa nou pou nou fè yon rete lè yon bagay konsa rive. E lè gen yon kesyon, tankou nan tan Jezi a; lè yo te prezante tèt yo la, moun ki nan legliz la te di: "O, se jis yon renega li ye. Pa gen anyen espesyal nan Li."

106 Men te gen Youn ki te di: "Fouye Lèzekriti," Li di: "nan Yo nou panse nou gen Lavi Etènèl, e Yo di nou Kiyès Mwen ye."

107 Konsa, gason ak fanm, si yo te menm yon ti kras Kretyen, oswa si yo te montre menm yon ti enterè nan destinasyon etènèl yo, yo te dwe fouye Lèzekriti epi wè Kiyès Li te ye. Lè sa a pa ta gen okenn kesyon: "Ki moun sa a?" Yo t ap di: "Men Li!" Se sa ki fè diferans lan. Ou wè, se lòm, yo—yo—yo jis gen tandans pou yo konsa. Gen kèk ki òdone pou sa. Li difisil pou di sa, men se vre. Li evidan. Ou wè?

108 Bon, jodi a, gen *kèk* ki di: "Mwen kwè Pawòl la. Pawòl la se Laverite; chak Pawòl ladan L."

109 *Lòt yo* di: "Ah, pastè nou yo al aprann jan de. . . Yo konn kisa pou yo di sou Sa."

110 *Yon lòt* di: "Ebyen, m pa konnen. Mwen te fè m manm nan *sila* a. M pat renmen *sa*. Mwen te ale bò isi a epi m te fè m manm nan *sila* a. Mwen—mwen pa konnen nan kiyès pou m fè m manm." Ou wè? Se jis fason sa te ye lè sa a, menm kalite foul moun yo. Ebyen li te toujou konsa, depi nan kòmansman an, e l ap toujou konsa.

111 Kounye a annou konsidere Verite Bib la sou zafè sa, epi wè si Li kòrèk; jis pou kèk minit kounye a. . . Adan. . . Nan kòmansman an sa te kòmanse konsa, fason nou fè l jis jodi a, pa chanje yon ti kras. *Adan* se te yon "kwayan." *Satan* se te yon "enkwayan"; li pa t kwè Pawòl la. Kifè li te jwenn *Èv,* ki "pa t sèten" si Li te vre oswa non. Ou wè? Satan, enkwayan an. . . Bondye di: "Jou ou manje ladann, jou sa w ap mouri."

112 Satan te di: “Se pa vre.” Ou wè, e li pa t kwè Sa. Adan te kwè Li. Alò li te aji sou sila ki te nan mitan an. Yo jis pat ka fè diferans lan . . . li jis pat ka fè diferans lan.

113 Kounye a, remake, fanm lan isit la reprezante legliz denominasyonèl alavni a yo rele lepouz. Tout sa te parèt nan Jenèz la. Se yon semans. Nan kòmanse nan Jenèz; ou pral konprann sitiyasyon an klè. Ou wè? Kounye a, isi a li te reprezante legliz jou sa paske kèk di (kounye a nou pran Presbiteryen, ak Literyen, epi yo tout k ap vini la a, biznis menn sa yo e latriye): “Nou ta renmen genyen . . . Nou vle batèm Sentespri a. Nou—nou ta renmen resevwa Li.”

114 Èske nou reyalize nan ki jou nou te ka ye? Ou wè? Yo ka pa janm resevwa Li. Èske nou konnen Jezi te di: “Lè yomenm, vyèj k ap dòmi yo . . . ”?

115 Kounye a, sonje, vyèj k ap dòmi an te vini pou mande Lwil. Tout bagay te sele. Li pat resevwa Li. Li pat janm resevwa Li. Èske nou reyalize ke apre Lepouz la fin ale, anlve nan Syèl la, legliz yo toujou pral kontinye, moun yo panse y ap sove ak tout bagay konsa jis tankou yo te toujou fè l. Yo va kontinye jis tankou l te ye nan epòk Noye a. Yo te kontinye ap manje, bwè, ak tout bagay jis jan yo te toujou fè a. Yo pa t konnen sa, men pòt la te fèmen. E sa te ka, zanmi, ke pòt la te ka fèmen nenpòt kilè. Petèt deja, pou tout sa m konnen. Nou pa konnen.

116 Se jis yon ti kantite moun ki pral antre, nou konnen sa. “Menm jan l te ye nan tan Noye a (uit nanm te sove), se konsa l va ye nan vini Fis de lòm lan.” Se jis kèk nanm ki pral sove. Mwen pa di uit. Petèt uisan oswa . . . Mwen—mwen pa konnen konbyen. Uit mil . . . Mwen—mwen pa konnen. Uit milyon . . . Mwen . . .

117 Men ou wè, Lepouz la pa pral fòme ak jis ti gwoup ki isi a sou tè a kounye a. Lè setyèm vèy la, lè Li te rive, tout vyèj sa yo te leve epi te prepare lanp yo, tout moun sa yo depi nan kòmansman an, tout moun ki te kwè nan Pawòl wen an atravè aj la te leve kanpe. Se tankou piramid la, pati nan baz la, epi li te monte, men fòk Pyè prensipal la vini pou l pran tout bagay pou l ka fòme yon—yon piramid. Ou wè, mete tout eleman yo ansanm. Bon, Lepouz la pral fòme ak tout sa yo atravè laj yo, ki te kwè e ki te aksepte Kris kòm Sovè yo.

118 Bon, Èv pat sèten. Adan te di l, li di: “Kounye a, Bondye te di, Cheri, ke, ‘Jou nou manje ladann lan, jou sa a n ap mouri.’”

119 Men yo di . . . Satan di: “Se sèten sa pa ka vre. Ou imajine yon—yon Papa ki ta trete pitit Li yo . . . Jis yon ti plezi, yon bagay konsa. Se sèten Se pa sa.” Ou wè?

120 Epi finalman kisa li te chwazi? Li te chwazi “sètènman.” E se jis egzakteman sa legliz la fè jodi a, egzakteman. “O, se *sèten* . . . Nou se yon gwo legliz. Nou se yon gran pèp. Nou te la lontan . . . Tout bagay sa a ke yo rele fanatik la isi a, bagay sa—sa ke yo rele batèm Sentespri a ak tout lòt bagay, sa san sans! Ou wè, sa . . .

Pa gen yon bagay konsa. A, se *sèten*. . . Mwen peye dim. Mwen ale legliz. Manman m te ale nan. . . Se *sèten* Bondye. . . " Men, Bondye di yon bagay diferan, e se konsa sa pral ye, jis nan gou Pawòl Li. Li te di kisa aj legliz Lawodise sa ta pral ye. Mwen gen yon liv espesyal k ap soti, sou li, trè byento, si Seyè a vle, ou wè, konsènan Lawodise sa, pou montre ke li deja fini, ke li deja sele anndan la, e Kris deyò a. Li pat janm di Li te retounen anndan ankò, nou konnen. Alò nou jwenn li jodi a, k ap mete Pawòl la deyò, jis jan l te toujou ye.

121 Kounye a, remake, Moyiz, Pawòl wen an. . . oswa swa sa nou rele l. . . Mwen espere ke nou va konprann, lè mwen di ke li te Mesi a. Li te Pawòl wen an ki te pwomèt pou jou sa a. Se sa Moyiz te ye! Èske nou kwè sa? Sèten, mo—mo *Mesi* a vle di "wen an." Ou wè? Kounye a, Noe te *wen an* nan epòk pa l la. Abraham te pale ke ta pral. . . Pèp li a ta pral pase katsan lane nan esklavaj, e yon men pwisan t ap fè yo soti, e sa l te montre: siy li yo ak mèvèy li yo. . . ak—ak jenerasyon ki t ap vini yo, ak kisa k ta pral fèt. E Moyiz te kanpe la, *Pawòl wen* sa a pou jou sa. Se poutèt sa li te ka mete men l nan lestomak la. Poukisa? Li te kanpe nan Prezans Bondye. Amèn! Gran Glwa Chekina a toutotou l. Chak mouvman li te fè te reprezante Bondye. Se la legliz la ta dwe kanpe kounye a. Se vre! Olye de sa, nou antre nan yon kriz kolè nan kèk bagay denominasyonèl.

122 Men Moyiz te atire, e li te apwoche. Epi te gen Kolòn Difè sa ki te pandye la nan bwison sa. Epi men Moyiz ki te wen an te kanpe la. Pa gen dout ke nonm lan pa t menm konnen sa l t ap fè. Senbòl yo ke yo te ba li lè l te kanpe la ak baton bèje l la, epi li te konnen ke sa t ap yon baton nan dezè a. Li te tounen vin yon sèpan, apre sa li te vin yon ekspyasyon; sèpan sa te fè l, nan dezè a. Tout bagay li te fè yo. . . Yo te siy ak vwa ki t ap pale ak moun yo. Ou wè, te gen yon bagay ki te konekte avè l. E Moyiz te ka pa menm konn sa pou tèt pa l, men li te Pawòl wen an pou jou sa a. Li te Mesaje wen an. Kifè si li te Mesaje a pou lè sa a, li te Mesi a pou lè sa a. Li te *sila ki wen an.*

Kounye a, limenm, Jozye, ak Kalèb, te kwayan nan gwoup la (remake) e yo te eseye anseye lòt yo Verite a. Men ou wè, Satan (Datan ak Kore) te lakòz lòt yo peri nan dezè a. Kounye a, kisa pwoblèm lan te ye?

123 Bondye te rele Moyiz. Li pat vle ale. Pwofèt sa yo te gen bagay konsa pou fè jouk yo—yo. . . Se te yon bagay difisil pou fè. Yo pat vle ale laba a, epi pou yo meprize yo. Yo te vle gen fratènite epi jwenn rès lòt yo epi—epi mache ansanm ak frè yo. Men ou wè, jis tankou. . . Mwen kwè. . . Mwen bliye ki pwofèt sa te ye, ki te di: "Si. . . Mwen pa vle fè sa," (nan lòt mo) "men tout kè m pral pran difè. Bondye pale e mwen dwe transmèt Sa." Kit yo te renmen Sa; kit yo te krisifye l; kit yo te kalonnen l ak wòch; kèlkeswa sa yo te fè. . . Bondye te pale nan kè l, e li dwe di Sa. Pa pou l diferan, men pou l obeyisan. "Obeyisans pi bon pase sakrifis; soumisyon,

pase grès belye yo." Ou wè, Sa te nan kè l. Li dwe fè l. Se te Lavi li. Li pa t ka kenbe L. Te gen yon bagay, yon batman kè, ki te pouse yo. Yo pa t ka ni beni Li ni modi Li. Bondye te tèlman gen kontwòl nèt sou yo jouk Li—Li te vwa yo, aksyon yo. Alelouya!

124 Ban m yon Legliz ki sitèlman wen nèt avèk Bondye jouk chak aksyon ak mouvman yo se ENSI DI SEYÈ A, alòske l ap mache nan Laglwa Chekina sa, m pral montre w yon Mesi (yon wen Bondye) ki kanpe sou tè a.

125 La Moyiz te kanpe bò bwison adan sa a ak Laglwa Chekina a. Li te kanpe la, wen, li pa t konn sa l t ap fè apèn. Li te jis ap obeyi sa Vwa a te di fè: "Mete men w nan lestomak ou. Rale l soti. Pran baton sa a. Fè l tounen vin yon sèpan. Tounen jete l atè a ankò." Kèlkeswa sa nenpòt lòt moun te di, li t ap fè l.

126 Li di: "Seyè, montre m Glwa Ou, e m prè pou m al an Ejip. Mwen pa yon nonm ki gen bon langaj. Mwen pa ka pale byen. Men jis kite m wè Glwa Ou." E Li te montre l Li. Epi li te ale laba a epi li te itilize menm bagay sa yo, e pou montre ke li te Mesi wen an. Nonm sa te ranmase pousyè tè a epi li te voye l anlè, epi mouch ak pis te vole sot nan pousyè sa, epi kouvri tè a. Kisa ki te ka kreye, ke Bondye? Li te pran dlo nan rivyè a epi te vide l sou rivaj la; epi chak gout dlo nan tout peyi Lejip la, te tounen san. Kisa k te ka fè sa, ke Bondye? Kisa l te ye? Li te sitèlman soumèt nèt a Pawòl wen Bondye a jouk li te Mesi a.

127 Ejipsyen yo te eseye rejte Sa fason sa . . . Enkwayan yo te eseye rejte Sa. Swadizan kwayan yo te eseye egzekite plan yo. Men Pawòl Bondye a te mennen yo tou dwat nan Latè Pwomès la. Se vre. Yo te wen. Yo te . . . Li te Mesi a.

128 Alò kesyon an te soulve nan dezè a. Men ki kote sa mennen . . . Ou wè, kounye a, mwen vle nou veye, frè m yo. Kounye a sonje, moun sa yo te jwi benediksyon sa yo. Yo te jwi predikasyon pwofèt sa, sila ki wen an. Yo te kwè l. Yo te swiv li. Men te gen youn ki te parèt nan dezè a, ki te rele Datan, epi youn ki te rele Kore. Epi yo te di: "Sa a dwe yon zafè pou yon sèl nonm. Moyiz panse li se sèl sila ke Bondye rele."

129 Mesaj yon sèl nonm sa, yo pat vle Li. Non, yo pat vle Li. E Bondye pa t janm trete ke ak yon sèl moun alafwa. Se toujou Mesaj yon sèl nonm. Kilè Li te janm trete ak moun yo, andeyò jis yon sèl moun? Se yon endividi. Se pa yon gwoup. Nou responsab devan Bondye, nou chak. Ou di: "O, mwen kwè Sa." Ou jis . . . Sa w fè a, ou jis konsidere L. Ou konsidere yon panse.

130 Men yon fanm ki kanpe la. Mwen se yon jenn gason, k ap tann pou m marye. Li satisfè egzijans ke m ap chache yo nan tout sans. Li se yon Kretyèn chamant: li sanble ak youn, li abiye tankou youn, li aji tankou youn, li viv tankou youn. M ap admèt li t ap fè yon bon madanm pou mwen. Men li pa pou mwen toutotan mwen pa pran l pou madanm mwen.

Se fason sa Mesaj la ye. Ou ka senpatize avè Li epi di: "Li vre." Men ou dwe pran L oumenm pou vin yon pati de Li. Alò ou menm ak Mesaj la vin youn. Alò onksyon an avèk ou, menm jan l ye ak lòt yo.

131 Bon, Satan, li pa t kwè Li. Datan . . . Li te fè Datan avè yo pa kwè Li, sa ki te lakòz yo tout peri.

Men ou di: "Tann yon minit, Frè Branham, ou di: 'Twa: Moyiz, Jozye, ak Kalèb.'" Se egzakteman sa. Se sa ki te genyen. "Men la ou sèlman di: 'De.' Ou di isi a ke 'Te gen yon . . . '"

132 Ou di: "Satan sinatirèl la." Men te gen Bondye sinatirèl la, tou, ki te wenn twa sa yo. Bon la a, Satan te sèlman wen. Men lòt la pral vini, lòt la ap vini, jis gade pou kèk minit. Li vini sou sèn lan, non l se Balaam. Li se yon pwofèt ki renmen lajan; swadizan pwofèt, fo pwofèt.

133 Toujou gen tout kalite pwofèt. E toujou avèk Izrayèl e ansanm ak gwoup sa la a, te toujou gen pwofèt; pwofèt sa yo ki te konn ap fè ipokrizi, ki te konn itilize flatri, ki te konn kotwaye wa a epi dezire apwobasyon l, ak favè li, e, bon, tankou Akab te gen katsan ladan yo, yo tout abiye ak rad eklezyastik yo. Epi li te di Je- . . . li te di gran wa a—a—a laba a, Jozafa a, li di: "Enben, sèten, mwen gen katsan, tout pwofèt Ebre ki byen fòme."

134 Epi yo tout vini epi te pwofetize. Men nonm sa te gen ase Bondye nan li pou l konnen ke sa te fo, paske li te konnen Eli te modi bagay sa. E kijan Bondye te ka beni sa L te modi? Li pa t ka fè l. Li di: "Èske ou gen youn an plis ke nou te ka konsilte?"

135 Li di: "Wi, ou gen youn isi a; Miche, pitit gason Jimla a. Men," li di, "mwen rayi l." Li di: "Li sou nou tout tan ap kondane mwen epi ap di m tout move bagay." Kijan te ka . . . Lyon an te gwonde. Bondye te pale. Kimoun ki pa t ka di Laverite? Lè sa te kontrè ak Pawòl Bondye a, li te dwe modi bagay la. Yo te toujou gen sa, fo pwofèt la. Men yo te toujou gen yon vrè, tou. Sonje, pa t gen tout on lekòl avè yo. Te gen yon sèl nan yo. E se konsa li ye nan tout epòk. Se konsa li ye, jodi a.

136 Pwofèt pou jounen jodi a se Pawòl sa. Se vre. Pwofèt la, jodi a, se pa tout diferan sa yo isit la . . . Gen yon pwofèt Metodis, yon pwofèt Batis, yon pwofèt Pannkotis, tout kalite pwofèt toupatou, atravè peyi a. Men se ankò parèy: gen Yon Vrè Pwofèt, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Se vre. Jezikri! E Li se Pawòl la. Se vre. Li se Pawòl la: Pawòl Wen pou lè a.

137 Remake L kounye a, pandan n ap avanse. Nou dekouvri ke Jozye ak Kalèb . . . Epi men Balaam pwofèt mèsenè a ki vini. Kisa l te fè? Li te inyore chak Pawòl Bondye, apre Bondye te fin montre l Li. Li reprezante denominasyon an, jodi a. Nou pral montre sa jis nan kèk minit; Datan, kisa l te ye, ak kisa rès lòt yo te ye. Kounye a Balaam te reprezante denominasyon an. Yon moun ki ta dwe, oswa non, ta dwe konnen pi byen. Li te konnen ke sa te fo. Men kisa l te fè apre sa? Bondye te ba l yon avètisman, e

malgretou li te inyore avètisman sa a. Li te tèlman fou pou lajan ak popilarite ke li te ka fè pati de gwoup yo. E se konsa legliz yo ye jodi a, ap mache dwat nan Konsèy Mondyal Legliz sa. Epi tout avètisman ap eksploze atravè peyi a, ak siy ak bèl mèvèy nan dènye jou sa yo. Yo mache dwat ladan l kanmenm, paske yo renmen louwanj lòm plis pase yo renmen Pawòl Bondye a.

138 Mwen gen yon bon zanmi laba la, k ap preche mesaj sa la; yon Pannkotis, k ap pale ak moun yo, k ap eseye ini legliz la ansanm. L ap di ke "nou dwe antre nan sa, mouvman ekimenik sa a." Enben, kèk nan yo . . . legliz Kris la. Anpil nan denominasyon sa yo ki pa menm kwè nan nesans vijinal la, ak tout diferan bagay sa yo, e yo tout fè pati de sa. Kijan de ka mache ansanm sòf si yo dakò? Alò, ou te di "Amèn" pou sa, m ap mande m sa kounye a: Alò kijan yon nonm ka di ke li se yon Kretyen e li ranpli ak Sentespri a, epi nye ke Pawòl sa se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Sentespri a nan ou va mete Pawòl sa an valè, chak Pawòl, "Amèn. Amèn. Amèn." Lè Pawòl la di nenpòt bagay, ou di: "Sa se Verite." Amèn! Lan . . . paske w dakò ak Pawòl la. Ou dakò ak Bondye. Ou menm ak Bondye se youn. Bondye nan ou. Ou se pitit gason L oswa pitit fi Li, ki fè w yon mesi pou Li, Pawòl wen an k ap viv nan ou.

139 Remake, Balaam te inyore bagay sa yo. Li te yon denominasyon pafè ak yon repons pafè nan gou yo. Se sa Datan te vle. Se sa Kore te vle. Yo te vle fè yon òganizasyon avèk li. Yo te di: "Nou gen dèzòm sen tout isi a nèt."

140 M pa bezwen konnen kijan de moun pafè ta mache ansanm, gen yon diferans nan yo. Nen nou pa parèy. Anprent pous nou yo pa parèy. Gen anpil bagay nan nou . . . Poutan nou ka bay youn lòt yon transfizyon san, menm nan marasa, e yo diferan kanmenm. Alò, nou wè, Bondye jis fè yon moun antre nan mouvman sa, e lòt la kwè nan sa.

141 Li te fè yon sèl nonm, epi anpil moun soti nan nonm sa. Menm jan tout moun mouri nan Adan, tout moun ap viv nan Kris. Li te fè yon sèl chimen lanmò, e yo tout te mache ladan l; e Li te fè yon chimen pou Lavi, e tout sa yo ki mache la a gen Lavi, apati de lanmò yon sèl Nonm, pa yon douzèn nonm. Yon douzèn nonm pa t oblije peche, yon sèl nonm te peche yon sèl peche; yon sèl Nonm te peye tout penalite a, nou pa bezwen trennen ankò sou jenou nou, epi ap di *Mwen Salye Ou Mari*, ak tout lòt kalite bagay sa yo, epi rann omaj bay moun ki mouri yo. Jezi te mouri pou Don Bondye a te ka gratis, Li te peye dèt la okonplè. Men, ou wè, nou vle gen yon lòt bagay pou di nan Sa.

142 Gade sa kounye a. Kanmarad sa yo te mache vin la epi te di: "Ebyen, w ap eseye fè tèt ou sèl nonm nan gwoup la. Ou panse se ou sèlman."

143 Epi Moyiz te bouke avèk yo. Li te retounen, li di: "Papa . . . "

144 Li di: "Separe tèt ou de yo. Mwen—mwen—mwen . . . "

145 "Tout—tout sa ki pou Bondye, vin bò isi a." E Li te louvri tè a epi te anglouti yo. Èske se vre? Jis panse a sa, frè. O la la! Poukisa yo pa t kwè l? Poukisa yo pat kwè ke—ke—ke—ke Moyiz sa se te lidè sa, Bondye voye? Poukisa yo te vle fè kont avè l? Yo toujou ap bougonnen epi ap plenyen, lè yo te wè men Bondye epi yo te deplase avèk . . . E Moyiz . . . Bondye te pwouve ke—ke Moyiz se te Mesi wen L lan. Nou wè? Epi jis . . . Ou wè, nan fon kè yo, yo te vle yon bagay diferan.

146 Kisa k te rive nou menm Pannkotis yo? Sa fè kèk lane nou te soti nan dezòd sa ki rele denominasyon, pou nou fè tèt nou Lapannkot. Poukisa nou te vle retounen ladan l ankò? Pay la te dwe vini. (Grenn lan potko la, ankò.) Ou wè? Remake, se jis konsa yo te fè a. Sa te nan kè yo. Yo te dwe fè l.

147 Kounye a, ou wè, Datan te gen yon lide ke yo tout te ka fè yon gwo relijyon avèk sa. Nou konnen, menm apot Pyè te gen menm lide a sou Mòn Transfigirasyon an. Li te di: "Ann bati twa tabènak isi a; youn pou Moyiz, ak youn pou lalwa a, ak youn pou pwofèt yo, youn . . . "

148 E pandan l t ap pale toujou, te gen yon Vwa ki te desann, ki te di: "Sa se Pitit Gason byenneme M lan. Tande L." Se lè sa yo te gade dèyè, yo te wè Jezi sèlman. Se la Li te kanpe. Li te Pawòl la. Se tout sa nou dwe tande, se Pawòl sa. Se Li nan nenpòt aj. Gade sa Pawòl la di pou aj sa, epi gade Bondye wenn Li, epi ale avè L. Se tou.

149 Yo te swiv Kolòn Dife a jouk nan Latè Pwomès la. Sila yo ki te rive jouk nan fen wout la nèt te reyisi, lòt yo te peri. Remake, yo te vle Pawòl la melanje ak mond lan . . . sa te lakòz yo te nan lerè. Epi remake kisa sa te fè yo. Pawòl la . . . Yo te rate L paske yo pa t vle aksepte Pawòl wen an. Ou wè, ou dwe gen fo a . . . An premye ou dwe gen vrè a, pou fè yon fo avè li. E la yo te genyen l, e Bondye te montre ke Li pa t avèk sa.

150 Panse kijan Pawòl la te vin devwale pafè ba yo, piske Li te konfime pou yo. Tout sa Moyiz te pwofetize t ap fèt. Ke li te rele pou mennen yo nan Tè Pwomès sa. Tout sa Moyiz te pwofetize te rive, la menm. Pa gen yon Pawòl nan Li ki te echwe. Ala yon privilèj ke sa te dwe ye, pou konnen ke w t ap mache nan dezè a . . . Epi la, apre . . . Lè li te di yo Mesaj la, yo te dwe kwè Li an premye. Men apre li te fin fè yo soti la, alò Bondye te di: "M ap pwouve yo ke Mwen se Kolòn Dife sa ke ou te rankontre nan dezè a."

151 Kifè Li di: "Rasanble yo tout ansanm toutotou mòn lan." Epi Li te desann sou tèt Mòn Sinayi a. E Bondye te kòmanse fè kout tonnè L la gwonde.

152 Epi moun yo di: "Pa kite Bondye pale. Kite Moyiz pale. Pa kite . . . "

153 Bondye di: "M p ap pale avè yo konsa ankò, men M ap sisite yon pwofèt pou yo ki va pale nan Non Mwen." Ou wè? Kifè nou

wè ke se sa Bondye te toujou fè. Poukisa yo pat ka wè sa depi nan konmansman an? Wè tout bagay sa yo, epi bougonnen kont Mesaj la ki t ap mennen yo nan Tè Pwomès la; ki te fè yo kòmanse byen, e ki t ap mennen yo nan Tè pwomès la. Men yo toujou . . . yo pat ka anpeche yo plenyen kont Li. Panse, jan sa ta pafè . . . kijan yo te ka mache chak jou, mache avèk Seyè a. Ala yon vi pou viv, drèt nan dezè a! Lannwit . . . Manje lamàn nan yon maten, ki te tonbe pandan nwit lan.

154 Nou konnen, sa te vin tèlman òdinè pou yo jouk yo te di: "Nanm nou degoute Pen sa." Ou wè? E se sa ki rive nou. Mwen jis panse a ti gwoup yo ke nou . . . jis nan pwòp ti ministè pa m nan, atravè peyi a. Pa wè sèlman gerizon ak bagay sa yo; sa te toujou la. Gerizon; Bondye te toujou gen yon mwayen pou gerizon yon kote. Menm Li te gen yon—yon—yon Zanj sou yon pisin yon fwa. E Li . . . tout kalite bagay. Sèpan an eren an—an nan dezè a. Ou te toujou gen senbòl gerizon. (Se pa de sa m ap pale.) Gerizon se yon bagay ki atire atansyon moun yo. Nenpòt moun ap fè don pou yon sèvis gerizon. Yo pral—yo pral fè don pou yon festival chante. Men lè sa rive sou yon pòv nanm ki pèdi, yo pa gen anyen pou wè ak sa. Ou wè, kounye a èske se pa apeprè vre? Ou wè? Nou gen tout bagay . . . pou yon pòv nanm ki pèdi. Yo pa vle gen anyen pou wè ak sa. Y ap kite l tatonnen nan nenpòt bagay. Yo di: "Ebyen, se kòrèk, li fè pati legliz la. Sa p ap fè okenn mal."

155 Men kounye a, nou jwenn isi a . . . (N ap pwòche fen an osi vit ke nou kapab la a.) Panse a jan sa te pafè. M ap gade atravè jou yo—yo ke nou te viv isi a sou tè sa a. Gade sa Seyè Bondye a te fè. Li te kòmanse avèk gwo siy, ak mèvèy, ak mirak, ke nou tout te jwi. Alò gade . . . Apre sa Mesaj la te vini dèyè l.

156 Gade sa k te pase. W ap mache, menm pa poukont ou, gen moun bò kote w. Pou wè yon gwoup zanj desann soti nan syèl la, fè tout tè a tranble, epi kanpe la. Epi jounal yo pale de sa; alòske sa te predi dè mwa e dè mwa davans ke sa t ap rive. Men Li te kanpe la, epi Li di: "Tan an rive, retounen laba a. Louvri Sèt So mistè yo ki te kache atravè refòm yo ak lòt bagay, devwale li." Apre sa predikasyon *Semans Sèpan an* vini, ak tout bagay sa yo konsa. E kisa klèje a fè? Olye pou yo di . . . "Enben, Luther te di *sesi* oswa *tèl bagay*." Yo jis . . . Yo p ap janm wè l. Ou wè? Men ala yon privilèj sa ye pou noumenm ki kwè; pou mache nan Prezans Bondye, chak jou.

157 Kanpe la epi wè yon toubiyon soti nan syèl la. Li te rache mwatye nan mòn nan, la kote nou te kanpe a; sa te koupe tèt pyebwa yo ak bagay konsa. Epi Pawòl la soti, epi yon gwo eksplozyon ki sekwe la a twa fwa, pou di: "Gade l ki prale nan Kòt Lwès la." Li te pran direksyon la touswit epi li te souke Alaska. Epi kounye a l ap desann Kòt Lwès la. Egzakteman.

158 Jou anvan an, m te pran yon wòch epi m te voye l anlè, epi m te di: "ENSI DI SEYÈ A, 'Lè a rive, jijman yo pral kòmanse sou

tè a. Tranblemanntè ak tout bagay pral rive. E tout Kot Lwès la pral sekwe e latriye.'" Gade kijan l pafè. Jou apre jou, tout bagay jis egzakteman fason Li te di a. Kòman nou ka tounen dèyè, frè yo? Annou kenbe lafwa nou fikse sou Li.

159 Yo di: "Kimoun sa ye?" Nou konnen kimoun Sa ye. Se Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, Kolòn Difè a. Alòske nan tan Moyiz la, gade kisa Li te fè; se te yon tip Kolòn Difè a jodi a. Sa toujou . . . Poukisa yo pat kwè Jezi te Pawòl la? Yo te gen move entèpretasyon ak konprann lan. Jis menm jan Èv te fè l, se konsa yo fè l kounye a.

160 Alò Balaam ak doktrin li an te jis bon pou yo. Epi yo te jis koresponn ak gou yo egzakteman. Nan fèt la, gade . . . Nan Fèt Moabit yo, ou wè . . . O, kisa l te di. Gade, se, kijan sa se yon imaj jodi a, kijan li tipifye l. (M ap kenbe nou twò lontan.) Men gade, remake, jis pou yon ti moman, Fèt Moabit yo. Ou wè, si l pa t ka fè yo soti drèt la yon fason, Balaam te fè sa, alò li te òganize yo ansanm. Si l pa t ka modi yo limenm . . . Plis li te modi, plis Bondye te beni. Jis kontinyèlman . . .

161 Ou wè, se sa li te fè Pannkotis yo. Yo te di kèk ane de sa, lè nou tout te kòmanse: "Nou pa t ap ale okenn kote. Pa t gen anyen pou nou. Nou—nou t ap boule nèt. Nou se jis yon bann fanatik." Men chak fwa yo te eseye modi nou, nou retounen drèt ankò. Bondye te kontinye revele Mesaj Li a. Depi nan ansyen Asanble a, depi nan kòmansman an menm, Konsèy Jeneral la. Apre sa, Li te mennen yo lè yo te resevwa non Jezikri pou batèm dlo a. Alò youn te sote nan direksyon sa, epi youn lòt la, e youn te pati . . .; te òganize *sesi* ak *sela*. Bondye te kontinye ap beni.

162 Kounye a, ebyen, li te wè li pa t ka modi nou. Ou wè? Alò kisa l pral fè? Li pral òganize nou. Mennen nou . . . "O, nou tout se youn de tout fason." Ou wè? "Nou tout kwè nan menm Bondye a." Kifè se jis sa Balaam te fè. Epi èske Jid pat avèti nou sou sa? Yo te egare nan chimen . . . nan doktrin Balaam lan e yo te peri nan revòlt Kore a. Èske Jid, frè adoptif Jezi a, pa avèti nou sou sa nan Bib la? Yo tankou Kayen, depi nan kòmansman an, mèsenè a. Sila ki te al legliz epi ki te bati legliz epi—epi ki te bati yon lotèl epi ki te fè sakrifis. Yo te egare nan chimen Kayen an. Yo te swiv chimen Balaam lan, e yo te peri nan revòlt Kore a. Jid prezante tout bagay la jis tankou n ap fè l maten an, men li devan nou, menm jan nou te toujou fè l. Tout bagay la lonje la.

163 Yo te peri nan revòlt Kore a. Jis panse a sa, kijan sa te grav. Jis pou m panse a sa ke Kore . . . Ou wè, li te di: "Kounye a, nou tout pral monte nan yon fèt. Nou tout se youn." Moabit yo te kwè nan Bondye. Sa se te pitit pitit fi Lòt yo. Ou wè? "Nou tout kwè nan yon sèl Bondye." Fondamantalman, yo te gen rezon pafètman. Gade Balaam laba a la, jis osi fondamantal ke nenpòt ki bon Batis oswa Presbiteryen jodi a. Li te vini laba e te gen Izrayèl, ki pa t gen denominasyon . . . Yo te yon nasyon. Izrayèl pat yon

nasyon, se te yon pèp, nan tan sa. Yo pat vle swiv chimen Bondye, apre yon moman. Yo te vle pou yo tankou rès nasyon yo. Se lè sa yo echwe. Men toutotan ke yo vle rete ak Bondye, se kòrèk.

164 Balaam te prezante la, li te bese je gade yo, li di: "Ebyen, o la la! Mwen konnen youn nan minis sa yo te marye ak madanm yon lòt nonm." Tout lòt bagay sa yo, o sèten, yo te gen anpil. Li te bliye tande kri Wa a—a nan kan an. Li pa t janm wè Wòch ki frape a, ak sèpan an eren sa ki pandye la pou yon ekspyasyon. Li pa t reyalize ke yo pa t konekte ak okenn òganizasyon. Yo te konekte ak Alyans Bondye a, e yo t ap mache ladan l. Ou wè? Epi Balaam te di, fondamantalman: "Bati sèt lotèl pou mwen." Se sa Jewova te egzije. Se sa ke Jewova genyen sou toulède bò yo. "Dakò, mete sèt vo sou li." Se sa yo t ap fè laba la nan kan sa. "Mete sèt belye pou mwen sou li paske gen yon Mesi ki pral vini yon jou." Dakò.

165 Ou wè, fondamantalman, yo toulède te gen rezon; fondamantalman. Ou wè? Men yon jou lè l te wè li pa t ka pran l sou sa, li di: "Si nou jis òganize tèt nou ansanm lè sa a." E se la yo te fè erè yo.

166 E se jis egzakteman kote Lapannkot te fè erè li a; lè li menm, bò kote pa l, te òganize tèt li tankou lòt legliz yo. Mwen pa lènmi nou. Mwen se frè nou. Kèk nan jou sa yo nou pral dekouvri ke sa se laverite. Sa ka pran yon ti moman ankò, kèk vire solèy la, men yon jou nou pral wè ke se vre.

167 Alò doktrin Balaam nan te koresponn avè yo jis . . . Se sa yo te vle. "Nou tout se youn." Ou wè? Alò, men yo te ale la. Tout pwofèt yo ak tout te mache drèt avèk yo. Epi se te pandan fèt la, ke menm moun sa yo te di: "E nou tout kwè ke gen yon sèl Bondye. Annou kwè sa." Se jis sa yo t ap chache a, jis egzakteman.

168 Kounye a Metodis ak Batis yo apèn ka rankontre ansanm, akòz òganizasyon yo a, men lè gen yon òganizasyon mèt k ap vini, ki pral pèmèt nou tout reyini ansanm, se trè byen. "O," ou di, "Pannkotis yo p ap janm resevwa l." Yo p ap fè l? Kisa yo te fè lòt jou a nan Missouri? Nou li jounal nou yo, se sèten. Ou wè? Nou p ap fè l? Non, se pa nou menm Pannkotis yo, se nou menm moun yo; men se pa noumenm, se gouvènman sa laba k ap dirije nou. Se tèt sa k ap fè nou chanje direksyon. Se vre. Piga nou ale avè l. Rete lwen bagay sa, sa se mak bèt la. Libere tèt nou de sa osi vit ke nou kapab. Ou wè? Sa se yon eklezya . . . Se chèf gouvènman an k ap dirije operasyon yo.

169 Nou pa t ap janm ale la pou fè lagè ak Almay oswa nenpòt nan rès sa yo, si se pa t pou kèk nan gwo politisyen sa yo ki chita anwo isi a pou fè nouvo zam epi kòmanse . . . Mwen pa vle lajan ki soti nan . . . lajan san ki soti nan pwòp pitit mwen, ki dwe soti la epi mouri pou sa. Ou wè? Men se sa l ye, se politik ki fè l. E lemonn antye se dyab la ki kontwole l. Se egzakteman sa Jezi te di. E sa p ap janm kòrèk jouk Milenyòm lan, lè Jezi va vini epi

pran pouvwa a. Men kounye a nou gen pwoblèm sa yo. (M ap depeche m pou nou ka fini la a.)

170 Jis sa yo t ap chache a . . . jis bagay la. Se jis sa yo te vle. Viktwa Satan nan Fèt Moabiit yo. Li gen yon lòt k ap vini, tou. L ap trennen yo tout nan menm chimen an. Tann . . . Toudenkou! Jis panse a sa yo te fè. Se menm jan li te ye. Sa pa t janm bezwen pran yon gwo gwo twa oswa kat long ane pou rale l soti. Yo . . . fo pwofèt la, nonm ki te inyore Pawòl Bondye a . . . chak avètisman ke Bondye te voye atravè nasyon an, epi ki te di yo: "Soti ladan l! Soti ladan l! Soti ladan l!" Yo p ap fè l. Y ap rete la menm.

171 Yo inyore Pawòl Bondye a, inyore Pawòl yo, inyore siy yo, inyore bagay ke nou ladan yo. Yo kontinye drèt la: "Nou pral genyen l kanmenm. Nou prale drèt la. Nou dwe genyen l. Se tou. Nou tout se youn." Ou wè foli dyab la? Se menm bagay la yo te fè nan Fèt Nise a, nan Nise, Wòm. Yo te fè yon òganizasyon avèk li, e se sa ki te rive. Satan te gen yon Fèt Nise. O la la! E depi lè sa . . . Koute, m pral di yon gwo gwo pawòl isi a kounye a. E noumenm k ap koute bann lan si nou vle diskite sou sa, diskite l ak tèt nou, ak listwa, ak Bib la, ou wè, men pa avè m.

172 Koute! Chak fwa ke Bondye voye yon mesaje epi lanse yon Mesaj . . . E lè legliz sa, lè gwoup moun sa yo vin nan fèt denominasyonèl la . . . Se la yo fè l. Se la noumenm Asanble yo te fè l. Se la nou menm Initè yo te fè l. Se la rès nan nou yo te fè l, nan fèt denominasyonèl nou an, nan voye tèt nou drèt tounen nan menm bagay ke Bondye te modi depi nan kòmansman an. Sa se egzakteman Laverite. Nenpòt lè ke legliz la te janm gen yon revèy . . . Nan tan Luther a, alò yon . . . Kisa k te rive? Metodis yo . . . desannn nèt atravè aj yo . . . Zwingli, Finley, Finney, tout rès yo, lè yo te gen yon revèy, kisa yo te fè avè l? Yo te voye l drèt nan yon fèt denominasyonèl, epi yo te trennen tèt yo ladann avèk rès lòt yo, yo mete yon mak sou nou tankou rès lòt yo. Alò nou gen yon gwoup mesye k ap kontwole nou. Sentespri a pa ka avanse pi lwen. Se egzakteman sa. Kòmanse preche yon bagay tankou sa Bib la anseye, epi si denominasyon an pa kwè sa; y ap mete w deyò imedyatman. Eseye li yon fwa epi wè si se vre oswa non. W ap wè ke se laverite. Ou wè, nan fèt denominasyonèl chak fwa yo rele yo pou li, fèt Balaam sa, pwoblèm kòmanse. O, Luther, Wesley, Lapannkot, e yo tout se viktim sa.

173 Remake, se te lè sa, alelouya, lè Moyiz te avanse epi l te di: "Kimoun ki pou mwen ak Bondye?" Amèn! Se te lè sa a Levit la te rale epe li epi li te pase nan kan an epi li te touye tout bagay nèt ki te konekte avè l. Amèn! Tout bagay; chak nonm ki te gen yon fanm Moabit, yo te touye yo drèt ansanm. Kounye a lè a rive. Kote nonm sa a ye? Kote pitit gason Arawon yo, kèk nan prètriz la ki vle rale Pawòl Bondye a, Epe byen file de bò sa a? Li di: "Kimoun ki kanpe pou mwen ak Bondye?" Ki kote li ye? Nou ka envite, envite men pèsonn pa reponn. Nou wè sa m vle di? Nou pa konprann li. Nou jis . . . Gen yon bagay ki pa kòrèk. Remake,

men yo te la . . . Se te lè sa a Moyiz te leve kanpe epi di bagay sa yo.

174 Remake, peche yo a, sa yo te fè la, lè yo te mete tèt ansanm ak Moab pou fòme yon denominasyon epi vin tounen yon sèl kò . . . Yo pa t janm padonnen yo peche sa. Mwen jis pral rete sou sa jis yon minit. (Li ta, men jis yon minit.) Yo pa t janm padonnen yo peche yo. Pa gen youn nan yo ki te janm antre nan Latè Pwomès la. Jezi te di nan, ekskize m, Sen Jan 6, Jezi te di nan Sen Jan 6, lè yo te di: "Papa nou yo te manje lamàn nan dezè a" . . . Yo te Pannkotis. Frè, yo te manje lamàn lan, yo te gen bagay reyèl la.

175 Jezi di: "E yo tout, yo mouri. Yo te peri. Yo pati Etènèlman." Yo pa t janm padonnen yo peche yo. Kisa yo te fè? Yo te brize alyans yo ak Bondye, e yo te òganize ak Balaam, pwofèt mèsenè a ki pa t vle pran avètisman Bondye a; ki pa t vle pran Pawòl Bondye a; ki pa t vle pran anyen nan men Bondye. Men li te detèmine pou l fè yo tout vin youn. Èske nou ka wè foli a? Mwen te ka rete sou sa yon bon tan, men mwen—mwen panse nou konprann li. Ou wè? Remake, yo pa t janm padonnen yo peche yo; pa youn nan sa yo ki te viv anba benediksyon sa yo e ki te manje lamàn sa ak tout bagay.

176 Lè vrè, Mesaj reyèl la rive nan yon konfwontasyon, yo te òganize l. "Nou pral pran Moabit yo ansanm avèk nou. Yo se yon gwo òganizasyon, yon gwo nasyon. Nou pa menm . . . Nou pa menm yon nasyon. Nou pral jis marye youn ak lòt e—e n ap kòrèk lè sa. N ap avèk yo." E yo pa t janm padonnen; yo pa t janm, janm padonnen yo.

177 Jezi di: "Yo tout, yo *mouri*." Tradwi mo sa an Ebre oswa an Grèk, swa youn ou lòt, oswa menm an Angle, li vle di "separasyon Etènèl"; fini pou tout tan. Se vre.

178 O, wi, yo te wè mirak yo. Yo te wè Pawòl wen an. Yo te manje lamàn ki soti nan Syèl la. Yo te jwi benediksyon ekspyasyon an. Yo te wè Wòch ki frape a bay dlo Li. Yo te bwè nan Li. Yo te konnen Li pèsonèlman. Men lè sa rive pou brize Pawòl sa . . . Piga nou janm bliye sa! Lè Jezi te di: "Mwen menm ak Papa M se youn," Li pa t di gen twa. En? Lè tout lòt gwo pwen fondamantal sa yo nan Lekriti a . . .

179 Yon nonm te vin jwenn mwen lòt jou swa a pou montre m kote m te gen tò, oswa pou ap pale de trinite a. Mwen gen dè milye bon zanmi trinitè. Yo nan Babilòn sa. Mwen gen anpil zanmi Initè nan Babilòn sa, tou. Ou wè? Men kisa k te pase? Li di: "Se tèminoloji, Frè Branham. Ou kwè nan trinite a?"

180 Mwen di: "Sètènman." Mwen di: "M ap pran mo ou: tèminoloji." Mwen di: "Kijan w kwè sa?"

Li di: "Mwen kwè nan yon sèl Bondye."

Mwen di: "Ou fè byen." Ou wè?

Li di: “Mwen kwè gen yon sèl Bondye, epi twa pèsòn nan Divinite a.”

Mwen di: “Èske w pa yon—yon etidyan BIOLA?”

Li di: “Wi.”

181 Mwen di: “Sa byen evidan, dapre sa w ap di a.” Mwen di: “Pawòl ou pa pale twò byen pou edikasyon ou.” Mwen di: “Twa pèsòn, ak yon sèl Bondye?” Mwen di: “Dapre Webster, la, li dwe yon pèsonalite anvan li ka yon pèsòn. Ou kwè nan twa dye, mesye.” Ou pa ka yon pèsòn san w pa yon pèsonalite, paske sa pran yon pèsonalite pou fè yon pèsòn.

182 Alò yo di . . . Li di: “Ebyen, Mesye Branham, ou konnen, menm teyolojyen yo—yo pa ka eksplike sa.”

183 Mwen di: “Se egzakteman sa. Pawòl la pa vin jwenn yon teyolojyen.” En-en. Mwen di: “Tout Bib la lye nan Revelasyon an: ‘Sou wòch sa a M ap bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè yo pa ka domine sou Li.’” Ou wè? Amèn, men ni. Ou wè? Men alò lè sa rive nan bagay sa yo . . . O, la la!

184 Kounye a nou vle depeche nou epi fini byen vit si nou kapab. Mwen dwe pase sou kote kèk nan Ekriti ak nòt sa yo, ou wè. Kounye a, remake, yo pa t janm padonnen yo pou sa yo te fè a. Kisa yo te fè? Yo te jwi benediksyon yo. Pa bliye sa. Mwen pral repete l ankò. Yo pa t janm padonnen yo pou sa. Sonje, bann sa prale toupatou nan lemonn. Ou wè? Yo fè jwe l nan kan an Afrik, Lend, toupatou nan lemonn; tradwi nan diferan lang; ak diferan kan, diferan kote. Peche a pa t janm padonnen. Kisa? Yo . . .

185 Ou di: “Ebyen, se pou Bondye beni, mwen—mwen te fè sa. Mwen—mwen—mwen te fè sa. Mwen te manje lamàn Syèl la. Mwen . . . ”

186 Wi, yo te fè sa, tou. E Jezi di: “Yo tout, yo, mouri.” Men lè sa rive nan Mesaj egzak la, kote, yo pa t dwe brize Alyans sa a, ak yon lòt nasyon. Bondye te yon segregasyonis e Li te separe pèp sa a, e yo pat sipoze gen anyen pou wè ak okenn lòt, marye ak okenn moun. E Legliz otantik reyèl la, ak Lepouz Kris la, reyini ansanm ak Kris ki se Pawòl la. E ou pa dwe marye ak okenn òganizasyon, okenn denominasyon. Rete egzakteman ak Kris ak Pawòl sa, antanke yon endividi. Pou fè sa se separasyon Etènèl ak Bondye. Mwen espere ke tout moun konprann sa.

187 Bon, nan tèks nou an, Fèt Pak la te toupre; li ta pral rive. Se te yon tan terib. Moun yo t ap dòmi sou deyò pòtay yo. Chak Pak te fè sa. Yo te deyò a kouche atè a. Tout otèl yo te plen ak tout bagay. Se te pak la. Te gen gwo atant anndan la. Tout lè a te ranpli. (Kounye a, nan apeprè senk minit ankò mwen pral soti, si Seyè a vle, oswa dis.) Tout moun te sou tansyon.

188 Gade, gen twa klas moun la. Ou wè, te gen yon gwo atant. Yo te konnen ke nonm etranj sa a t ap vini nan fèt sa. Kèk nan yo *te renmen* L; yo te kwè L. Kèk nan yo *te rayi* L; pi fò nan yo te rayi

L. E paske youn te renmen L e lòt la te rayi L, mesye nan mitan an *pa t konn* kisa pou l fè. Ou wè? Yo pat konnen. Remake, lè a te plen ak atant. Youn ap di: "Lè Li rive la, mwen di w nou pral rele L. . . N ap ba L yon tès Pawòl. N ap fè L kanpe la bò kot gran prèt la. Nou pral wè kisa sajès Li pral fè kont pa Kayif la." Li te deja pwouve sa. Ou wè?

189 "Men n ap fè sa: N ap wè. . . Mwen konnen ke kèk nan gran lidè yo ap pran L. Gason, yo pral regle kont yo ak nèg sa. Y ap fè L konnen kisa Li te ye, lè yo pral ranse ak prèt nou yo. Gason, yo konn sa y ap fè. Yo se nonm entelijan. Yo konn sa y ap fè."

190 Gen lòt ki di: "Mwen mande m kisa yo pral fè ak nèg sa de tout fason."

191 Gen lòt ki di: "O, m ap tann Li vini. Bondye avè L. Li se Pawòl sa. O, mwen jis—mwen jis vle wè L." Ou wè? O, yo te divize. Kounye a, ou wè, sila yo ki te konnen L e ki te kwè nan Li, yo t ap konnen nan ki pòtay pou yo ret tann. Ou wè? Yo te konnen nan ki direksyon Li t ap vini. Gen gwo atant, men ou konnen, pa t gen twòp moun ki te wè L. Ou wè, gen anpil ki pa t wè L. Se konsa li ye jodi a.

192 Kèk nan yo te di: "Li se yon bon moun. O, pa gen anyen ki mal avè L," tankou Napoleon, Washington, "Li se yon bon moun. Men, o, antan ke anseyan, non, non."

193 Kèk nan yo te di: "O, Li se yon bon moun. O, Li—Li jis melanje nèt, se tou. Li se yon bon kanmarad. Pèsonn pa ka di anyen mal sou Li."

194 Gen lòt ki di: "Non, Li—Li se yon demon, mwen ka di nou sa. Sa la a bagay li nan panse sa yo ak tout lòt bagay sa yo, epi sa, sa se fo pwofesi. Li kontrè ak kredo nou an. Piga nou kwè yon bagay konsa."

195 Epi lòt la, te di: "Glwa pou Bondye, Se Bondye. Mwen konnen L, mwen. . . " Kounye a nou wè. Epi yo t ap tann. Kounye a se jis fason nou kanpe jodi a, men se menm bagay la: Pawòl wen an pou lè sa a; Laj Legliz Lawodise a.

196 Kounye a nou pral fini nan di sa. (Jis yon moman.) Twa klas t ap tann Li. Se konsa li ye jodi a, se vre, twa. Remake, kwayan yo t ap rele fò. Ou wè? Ou wè? Ministè li te lakòz kèk moun renmen L, lòt yo te rayi L, epi yon lòt klas te poze tèt yo kesyon. Ou wè? Ministè Li. . . Kite m site sa ankò. Ministè Li, kèlkeswa sa l te ye a. . . Nou konnen kounye a, Se te Pawòl la. Men *ministè* Li te lakòz kèk moun renmen L. Yo te predestine pou fè sa. Ou wè, yo te kwè sa. Yo te wè sa. Pa t genyen ankò, lè Natanayèl te avanse la, e—e Li di, "s. . . " a limenm sa Li te fè konsa, li di: "Rabi, Ou se Pitit Bondye a, Ou se Wa Izrayèl la, pa gen okenn dout nan lespri mwen."

197 Simon te kanpe la, li di: "O, Andre, m pa prale la. Mwen te tande tout bagay sa yo la anvan."

198 "Men," Andre, "ou ta dwe vini. Ou ta dwe vini, jis vin yon fwa avè m."

199 E pandan Li te chita la, Jezi te wè l ap avanse, ou konnen, ap avanse. Li di: "Non ou se Simon. Ou se pitit Jonas." Pa t gen okenn kesyon ankò. Ou wè, se tout sa ki te genyen ladan l. Yo te la. Yo te kwè sa. Yo te wè sa. Yo te konnen se sa Mesi a te sipoze fè lè L vini.

200 Li te dwe yon Pwofèt, paske Moyiz te di: "Li t ap yon Pwofèt." E moun anbwouye sa yo te gen katsan lane san yon pwofèt, sa te pran yon pwofèt pou drese sa, toujou nan chak aj. E men Li te kanpe la.

201 Se pa t yon kesyon pou yo. Yo t ap tann la ak fèy palmis yo nan men yo, "Li pral vini apre yon moman." Yo t ap tann!

202 Tout vil la, sou tansyon. Yo di: "Sa se yon bann fanatik ki te rasanble laba a nan pòtay la."

203 Lòt la te di: "Mwen mande m kisa L pral fè lè L vini isi a. Nou konnen, mwen—mwen reyèlman kwè Li se yon enpostè. Mwen kwè Li gen yon pye lapen Li fwote nan zòrèy Li, ou konnen, oswa yon bagay konsa, ou konnen."

204 E tankou yo di jodi a: "O, se yon jan de telepati mantal. Se—se yon bagay . . . " Yo ka eksplike l nèt ale.

205 Yon lòt te di: "Sa se yon demon. Rete sou bò sa a nan vil la. Piga w gen anyen pou wè ak sa. Piga nou kolabore nan reyinyon sa. Piga nou desann la, ou wè. Nou pa p gen anyen pou wè avè l." Twa klas moun.

206 Kounye a gade. Kounye a men L ap vini nan vil la sou do yon bourik. Jis egzakteman sa Pawòl la te di Li t ap fè. Monte sou do yon ti bourik, Li t ap antre nan vil la. Sa yo ki pa t ap gade kredo a, ki pa t ap gade Tanp lan, ki pa t ap gade tout lòt bagay sa yo, pa t ap gade prèt yo, sa yo te gen pou di. Sila yo ki te kwè L, yo te kanpe la ak fèy palmis nan men yo. Yo te jis ap tann premye mouvman an. Ou pa t janm tande yo di: "Kimoun sa k ap vini an?" O, non! Yo te konnen Kilès ki t ap vini. Yo konn sa Pawòl la te di. Ou wè? Epi lòt klas la, èske nou wè yo laba nan vil la? Epi lè yo te tande bri sa: "Ozana pou Wa a! Ozana pou Wa ki vini nan Non Seyè a. Ozanna! Ozana!" Ak tout kri yo!

207 Prèt yo kouri soti al wè pou kisa eskonbrit relijye sa a te fèt. Epi moun yo di: "Kilès sa ye?" Pou kisa yo te la, zanmi m yo? Yon fèt relijye! Bondye a menm ki te fè yo tabli Fèt sa, te di yo ke Li t ap la jis konsa, epi yo te rele: "Kilès sa ye?"

208 Tan an pa chanje. Moun yo fasonnen menm jan yo te ye lè sa a. Ebre 13:8 di: "Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan." Kounye a m pral fini nan di sa: Kesyon an pa pou yo ankò. Yo te mande: "Kilès sa ye?" Men an 1964, kesyon an se: "Kimoun nou di Sa ye?" Pou kisa tout bagay sa a? Èske nou te rete pou fouye Lèzekriti? Kimoun nou panse Sa ye? Èske se telepati mantal?

Èske se yon bagay sovaj ki soti nan dezè a laba a yon kote, jan yo te di: "Jan te yon nonm, sovaj, k ap neye moun nan dlo laba a." Alòske, Ezayi te di li t ap la, kòm prekisè. Malachi te di li t ap la jis egzakteman. Pwofèt sa yo te di: "Pwofèt sa a pral leve drèt la pou anonse sa davans." Epi men l te la a.

209 Yo di: "Sa se yon nonm sovaj. Rete lwen l. Ou wè? Pa gen anyen pou wè avè l." E men Mesi a k ap vini, jis egzakteman sa Lekriti te di, "Ke Li t ap antre nan vil la sou do ti bourik la. Dou epi enb, sou ti bourik la, ap antre nan vil la, pou Lèzekriti yo te ka akonpli." E men moun yo kanpe ankò nan yon fèt relijye ankò, tankou Balaam, nan yon fèt relijye, ap di: "Kilès sa a ye?"

210 E jodi a, Ekriti yo te pwomèt pou lè sa a, zanmi, Li akonpli drèt nan mitan nou, lè apre lè. Kimoun ou panse Sa ye? Annou etidye sou Li alòske nou bese tèt nou.

211 Chè Bondye, nou tout ap panse seryezman, pwofondeman, paske nou dwe fè sa. Sa sou men nou, Seyè. Nou wè Ou, gran Wa a. Nou wè pwomès Pawòl Ou a. Nou t ap tann sa depi plizyè lane, pou gran tan sa a vini, lè n ap viv kounye a. Nou wè Pawòl Ou ki wen nan pèp Ou a, k ap viv Li, jis egzakteman sa Ou te di ki ta pral rive. Nou wè gwoup Satan an wen laba a. E nou te trase modèl Sa atravè nasyon an, ale vini atravè Pawòl la, konsa p ap gen yon sèl wòch ki rete dekouvri. Mwen pa konnen kimoun Ou te òdone pou Lavi, Seyè. Se pa zafè pa m pou m konnen sa, se zafè W. Men se zafè pa m pou m bouje chak wòch. Bondye, ede m, ede lòt mesye ki kwè sa. Deplase chak wòch, Seyè, pou tout moun Ou te predestine yo ka tande l.

212 Nou vle wè vini W, drèt nan jenerasyon nou an, Seyè. Nou kwè sa. Nou kwè ke—ke gen yon lòt, yon Vandredi Ramo, Vandredi Sen ak yon Vandredi Ramo. Yon krisifiksyon pou Legliz Ou, men triyonf nou lè W ap vini sou cheval.

213 Nou priye, Bondye, ke W va beni, jodi a, pèp Ou a. Beni ti legliz sa. Beni chè pastè sa a ak pitit gason l isi a, Frè Outlaw ak—ak pitit gason l; toude Jimmy yo Senyò ak Jinyò. Beni tout moun ki isi a.

214 Bondye, ke nou jis pa janm vin isit la maten an. . .Ke mwen. . .Mwen pa janm kondwi soti Tucson jis pou jis. . .Si m te gen privilèj pou m pale ak kèk moun, Seyè, se—se pat pou—pou glorifye anyen ke Moun sa, ke moun yo ap mande kimoun sa ye. Yo konnen ke lòm pa ka fè sa. Yo konnen sa depase lòm pou l konnen bagay sa yo. Men moun yo di: "Kisa sa ye?"

215 Seyè, nou konnen Se Ou. Se Jezikri, nan pèsòn Sentespri a. Li se Sentespri a. "Mwen soti nan Bondye. M pral jwenn Bondye." E nou wè gwo Kolòn Difè a nan mitan nou, Seyè, menm jan yo te wè l nan premye pati Bib la avèk Moyiz. Nou te wè L nan mitan Bib la lè Pòl te sou wout li pou Damas. Nou wè Li. Kounye a men nou wè Li nan tan lafen an ankò. Twa se yon konfimasyon. Se te Mesaj la chak fwa.

216 Bondye, ke gason ak fanm pa kenbe sou tradisyon ak kredo ankò. Men ke yo soti nan bagay sa, bay lavi yo konplètman bay Bondye epi kwè; pa gen konfyans jis sou teyori ak bagay lòm, men gen konfyans nan Bondye Vivan an. Pandan vakans sa yo ap pase, kri a toujou kontinye: "Kilès sa a ye? Kisa sa ye? Pou kisa tout sa fèt?" Moun relijye yo di menm bagay sa. E Se menm Seyè Jezi a, ki te fèt chè nan pèp Li a, ap wenn Pawòl Li pou Lepouz la. E yo pa ka konprann Sa. Yo tout tèlman desann fon nan Lawodise, jouk yo pa konn kisa Sa ye. Men pwofèt la di: "Pral gen Limyè nan aswè." Kifè kounye a n ap tann Sa, Seyè. Vini, Seyè, beni chak moun.

217 Ak tèt nou bese kounye a, ak kè nou. Nou kwè sa se Laverite? Nou kwè sa? Jis leve men w, di: "An reyalite, mwen kwè ke se Laverite, ke n ap viv nan dènye jou yo. Nou isi a kounye a e mwen kwè ke nou tèlman anbwouye . . . " Nou te nan reyinyon an lòt jou a, lè ble a, tij . . . Nou remake, nou pa t gen yon òganizasyon pou swiv sa a. Mwen te isi a menm ak pastè nou an tout tan, ane apre ane. Dabitid, de ou twazan e li òganize. Li pat òganize fwa sa a. Li pa kapab. Pay la te rale sot lwen Li, men pa gen okenn avanse pi lwen. Ble a, ministè a retounen drèt jan l te ye nan kòmansman an. Se Jezikri nan mitan nou, zanmi. Pa yon nonm, men Nonm Kris Jezi a k ap viv nan ou, epi ki vle pou L yon pati nan ou, epi pou w se yon pati nan Li. Nou pa vle resevwa L jodi a?

218 Èske gen yon moun isi a ki poko resevwa batèm Lespri a? Bon, ou di: "Frè Branham, mwen di w, mwen te rele yon fwa." Sa trè byen. "Mwen te pale an lang yon fwa." Sa trè byen, tou. Men se toujou pa de sa m ap pale. Kijan w ka rele epi pale an lang epi renye Pawòl la? Prèv Sentespri a se kwè Pawòl Li. Se te toujou konsa, nan chak aj, si nou ka resevwa Pawòl la. Prèt sa yo te sipase Jezi yon milyon mil pou sa k konsène fwi Lespri a: emab, epi pezib, epi dou, enb. Li te kraze legliz, choute yo; epi L te boulvèse moun yo, epi te rele yo "sèpan nan zèb la" ak tout bagay. Ou wè? Men Li te Pawòl sa. Li te Pawòl sa. Se sa: kwè Bondye. Bondye se Pawòl la. Kwè Li.

219 Si w poko janm resevwa batèm Kretyen, gen yon basen isi a. Ou poko janm resevwa vrè Sentespri a, ki fè w konnen ke tout Pawòl Bondye se Laverite; ou di, "amèn" pou Li epi kwè Li ak tout kè w, alò ou ka resevwa Li maten an. Epi ou p ap mande Kiyès sa ye ki fè moun yo aji fason yo aji a. W ap konnen kisa Sa ye. Si w pa gen eksperyans sa, èske w ta vle di: "Frè Branham, sonje m nan priyè w, epi m ap leve men m"? Epi ou di: "E mwen pral—mwen pral . . . " Bondye beni w. Bondye beni w, ou menm, ou menm. Bondye beni w, se byen. Bondye beni w, byen.

220 O Bondye, pandan mizik la ap jwe dousman . . . O, Li mèveye! Se sèten. "Konseye, Prens Lapè, Bondye Pwisan an, Papa etènèl la." Mwen priye ke Ou va bay moun sa yo, Seyè. Mwen ka sèlman priye. Se tout sa m konnen pou m fè, se mande pou yo. Yo te leve men yo. M ap fè jan m te pwomèt yo a, m ap priye ke Ou va ba yo

gwo eksperyans sa a; pa jis senpleman yon jan de emosyon, men yon eksperyans reyèl; rankontre Bondye tankou Moyiz te fè la a sou teren Glwa Chekina a; e pa sèlman la, men pou pa janm vire do bay Pawòl sa, pou mache dwat nan Latè pwomès la avèk Li. Bondye, akòde li bay chak grenn moun, maten an.

221 Gen maladi nan mitan nou jodi a, Bondye. Nou priye ke Ou va geri sa. Geri tout moun ki malad, tout sa ki nan nesesite. Akòde l, Seyè. Yo pou Ou kounye a. Mwen ba Ou yo nan Non Jezi. Amèn.

222 Mwen dezole, mwen te isi a drèt pandan de zèdtan. Men gade, nou gen tout sware a. Nou ka al lakay nou epi refè epi fè yon ti kabicha. Men pa bliye sa m te di nou an. Mwen te pale nou ak kè m. Mwen konnen li parèt etranj. Sa fè kèk lane mwen te vin Phoenix isi a avèk noumenm moun yo, nan geri malad yo pa lapriyè lafwa. Mwen pa t janm eksplike l, m pat vle eksplike l. Mwen jis gade epi wè kisa moun pral fè, jis gade imitasyon yo ak bagay ki parèt yo. Se te yon gwo bagay pou mwen gade sa.

223 Men kounye a, m ap vin jwenn nou ak yon Mesaj ke siy sa te konfime. Kisa legliz la te fè...Non, li pa t janm fè denominasyon. Men kisa k te rive denominasyon yo sou revèy sa a? Kisa yo te fè? Yo te ale tou dwat nan Lawodise. Dè milyon ak milyon, ak dè milya dola ki te vide ladan l, e jis...e li te vin gwo epi rich epi li bati pwopriyete ki vo plizyè milyon dola ak bagay konsa. E pou resevwa Mesaj la? Non tout bon. Yo rejet L. Kisa sa ye? Pay la soti lwen ble a. Kounye a ble a dwe fason sa, pou repoze l nan Prezans Pitit la pou tounen nan yon Levanjil anplen, grenn dore pou Mèt la. Nou pa vle kwè Li? Kimoun Sa a ye, kanmenm? Kimoun Sa ye? Èske Li ta ka yon nonm? Èske Li ta ka yon legliz? Èske Li ta ka yon denominasyon? Se Jezikri, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske nou kwè Li?

224 Mwen mande m kounye a, jis avèk yon ti adorasyon apre yon Mesaj tranchan konsa,...Sè, sa w panse pou ba nou yon—yon—yon akò, ak ti koral la isi a, sou *Mwen Renmen L*. Èske w konn ansyen chante a?

Mwen renmen L, mwen renmen L
Paske Li te renmen m an premye
Li te achte sali mwen
Sou Kalvè frèt, ak fè nwa a.

225 Èske nou vle chante l avè m? Nou tout kounye a, jis nan yon adorasyon. Jis—jis adore avè m.

Mwen renmen L...

Kounye a, sonje, tankou televizyon an, Li nan chanm nou.

Paske Li te renmen m an premye
E L te achte sali mwen
Sou Kalvè a.

Èske nou reyalize kisa sa te vle di? Èske nou kapab? Èske nou konprann pwofondè sa, kisa L te fè?

Mwen renmen L. . .

Mwen pa wè L, men Li isi a. Mwen gen yon ti reseptè ki tabli isit la, yon ti bagay ki limen nan kè m. Mwen konnen sa reflete L. Li isi a.

. . . te renmen m
E L te achte sali mwen
Sou Kalvè a.

226 Kounye a mwen vle nou fè sa, pandan n ap fredonnen l. Kounye a, nou melanje lè sa konsène sa nou ye. Sonje, orijin mwen se te Katolik. Ou wè? Kounye a, nou tout nan yon gwoup melanje isi a, men nou soti nan tout bagay sa yo kounye a. Nou fè pati de Kris. Se pou Li nou ye. Kounye a pandan n ap chante sa, ann jis vire tounen epi jis bay lanmen. Nou pa bezwen leve kanpe. Jis di: "Bondye beni w, frè. Bondye beni w, sè," pandan n ap fè l, jis nan yon vrè anbyans Kretyen. Mwen kwè ke Bondye renmen pou yo adore L. Nou pa panse sa? Adore L. Li. . . Bondye se yon objè adorasyon. E nou vle adore L. E kijan nou fè l. . . ? Nou renmen youn lòt. Nou vle trete youn lòt. . . "Jan nou fè pou sila yo, se pou Mwen nou fè l."

227 Annou jis chante li kounye a, e—e youn bay lòt lanmen, epi adore avèk. . .

Paske Li. . .

Bondye beni w.

O, mwen renmen L, mwen renmen L
Paske Li te renmen m an premye
E L te achte sali mwen
Sou. . .

228 Mwen mande m, èske sa ap boule nan kè nou? Èske gen yon bagay anndan la ki jis—jis santi l vrèman byen? Ou konnen, ou santi tankou ou ta ka jis renmen pran L isi a epi vlope L nan bra w. En? Èske nou santi nou konsa nan kè nou? Si w pa konsa, zanmi, fè atansyon. Ou sou teren danjere, ou wè, si pa gen yon vrè lanmou anndan la a, yon bagay, "Mwen renmen L." Pa jis yon chante, men yon reyalite. Li te renmen m an premye. Ki kote m t ap ye, jodi a. . . Mwen gen senkannsenk an. Vi m pral fini byento. Ou wè? E sa mwen. . . Te achte sali mwen. . . Frè Trow, kisa w ta. . . ? [Yon frè nan kongregasyon an ap pale. Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

229 Nou te tande temwayaj sa: "Sove."

Sove pa pwisans Divin Li,
Sove al sou nouvo wotè siblim!
Lavi dous kounye a, jwa m konplè,
Paske mwen sove.

230 Kijan nou fè konnen? Lespri m rann temwayaj ak Pawòl Li ke mwen pase de lanmò a Lavi.

231 Mèsi, chè Kretyen. Sa fè m byen. Mwen renmen vini nan yon plas tankou sa kote ou santi w lakay ou. Li difisil pou m ale. Mwen jis kontinye ap panse: "Gade revèy sa," e—e mwen wè pitit fi m lan chita la, ap sekwe tèt li ban mwen, epi ap bese je gade konsa; epi—epi pitit gason m lan, ki chita isi a, ap di: "Kisa—kisa w ap tann la?" Mwen pa konnen. Mwen jis renmen rete bò la . . . nou konnen. Mwen pa konnen. Mwen renmen fratènite. Nou konnen, mwen pa jwenn li twòp kote (nou konnen sa), sa ap vin mwens tout tan. Men mwen konnen m ap vin pi pre la a. Ou wè? Epi yon jou mwen pral preche dènye sèmon m lan, fèmen Bib la pou dènye fwa a. Mwen pral fè yon ti vwayaj lè sa a. Vin vizite m yon lè lè m va laba a. Monte, epi n ap jis chita pou tout tan, epi pale tankou Frè Carl te di, epi viv pou tout tan.

232 Kounye a gade, zanmi m yo, mwen pral mande nou yon bagay mwen vle nou fè. Kounye a mwen te anpeche nou al pran dine nou. Ou wè? E kounye a, Frè Outlaw te fè yon bagay toutalè a . . . Se trè raman li fè yon bagay ke m pa renmen. Men, li te pran yon ofrann pou mwen, ou wè. Mwen mande m si youn nan yo pral dèyè a, pou pran ofrann sa dèyè a la, epi kanpe nan pòt la. Epi al pran l epi achte dine w avèk li. Sa se yon kado ki soti nan mwen, pou retounen ba ou. Ou wè? Fè sa. Ou wè? Sa pral byen. Li se yon nonm janti. Li toujou . . . Li pa janm . . . Mwen pa janm ale okenn kote oswa anyen amwenske li—li vle fè yon bagay pou ede m. Se fason pa l.

233 Gen yon nonm ki kanpe isi a; mwen—mwen pè rele non yo, sa ta ka blese santiman yo. Gen yon frè presye ki fèk ale nan Laglwa, ki te ale byen vit. Dezi li . . . Li te konnen mwen te renmen bwa yo, kifè li te vle achte yon djip pou mwen. Mwen pa t vle kite l fè l. Alò apre l te fin ale, ti madanm li te vle fè l, e mwen pa t vle kite l fè l. Men rès ti mesye yo te mete ansanm epi yo te ale bò isi a . . . E—e gen yon lòt frè ki vin nan legliz sa, li di: "Frè Branham, m fè kabwèt pou sab." Nou konnen, bogi; oswa sa nou rele *hacks*. Epi li di: "M ap fè youn nan yo pou ou." Mwen pa t vle kite l fè l. Nou konn kisa ti mesye sa yo te fè? Yo te fè yon—yon djip ak yon machin pou sab ansanm. Mwen pa t janm wè youn konsa.

234 Apre reyinyon Tucson lan jou swa sa a, yo te kondwi l nan lakou m, epi yo di: "Sa se yon kado moun nan—nan Phoenix yo." Ou wè, yo pa t ap menm mete jis pwòp tèt yo ladann, yo jis di: "O, se nou tout ansanm, ou wè." Sa se . . . O, mwen—mwen jis konnen si m ka janm rive nan Syèl, m ap viv ak moun konsa. Sa te vle di tèlman anpil pou mwen, nou konnen, jis yon bagay konsa; ti sa yo . . . yon bagay.

235 Sa fè m santi m fason sa a ak Frè Outlaw isi a. Li di: "Ebyen, Frè Branham, mwen jis . . . " Ale isi a nan kèk . . . jis al yon kote jouk yo jis rive renmen w, epi pale avè w, epi pale sou Jezi. Ak—ak moun nan . . . Ebyen, nou konnen, "Zwazo ak menm plimaj." Nou konnen, yo on jan renmen rasanble ansanm epi pale sou bagay yo, fratènize ansanm.

236 E mwen—mwen apresye sa, men mwen—mwen pat vle ofrann lan, frè, sè. Mwen . . . legliz mwen an ban m yon ti salè san dola pa semèn e mwen byen avèk sa. Kifè mwen—mwen apresye sa. Kounye a si nenpòt nan nou vle pran dine ou, ebyen, yon moun ap dèyè la nan pòt la epi pran dine ou sou kont mwen. Ou wè, tout bagay ap anfòm. Kèk nan nou, mwen te anpeche nou al pran dine nou. Nou renmen Li? Alò nou dwe renmen m paske mwen se yon pati de Li. Ou wè? Amèn. Se pou rezon sa mwen renmen nou. Seyè a beni nou.

237 Ann leve kanpe kounye a. Pa bliye reyinyon nou k ap vini yo. Nenpòt lè nou nan zòn lan, jis sonje, antre. Nou toujou byenvini. Èske n ap priye pou mwen? Mwen—mwen se moun ki bezwen lapriyè. Èske nou vle priye? Konbyen moun ki ka reyalize fado a, sa m gen pou m fè, ak bagay k ap tann mwen yo? E mwen konnen sa k ap vini, drèt laba. Ou wè? Mwen ka wè l jis menm jan mwen wè lòt bagay k ap vini yo. Mwen konnen sa k ap vini. Ou wè? Men pa gen tan pou pale sou sa. Ann pale sou sa k ap pase kounye a. Demen ap pran swen tèt li. Ou wè? Èske nou . . . èske nou vle priye pou mwen? Kounye a, èske nou te leve men nou ke nou pral priye pou mwen? Dakò.

238 Bondye beni nou kounye a. Mwen pral remèt sèvis la bay pastè byenneme nou an, Frè Jimmy Outlaw. Bondye beni w, Frè Jim.

64-1227 Kimoun Nou Di Sa Ye?
Legliz Non Jezi
Phoenix, Arizona Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org